Chisimbiso Chechina

Manheru akanaka. Tikotamise misoro yedu zvino kwechinguvana, kuti tinamate.

2 Baba vedu veKudenga vane Nyasha, tiri kuuya kwaMuri zvakare manheru ano, iko zvino, nemuZita raIshe Jesu, tichiKupai kutenda nekuda kwerimwe zuva. Uye tiri kukumbira zvino maropafadzo eNyu pashumiro iyi manheru ano. Regai Mweya Mutsvene uuye ugotipa dudziro yezvinhu izvi zvatiri kunyatsotsvaga nemoyo wose. O Mwari, ngazvive zvakakosha zvikuru zvekuti tese tigokwanisa kuyanana paShoko nenzira, yekuti, kana tazoenda, tinokwanisa kutaura kuti, "Moyo yedu haina kutsva here matiri paAnga achitaura nesu munzira?" TinoKutendai nekuda kwezvaAnga ari kwatiri, uye tichivimba kuti Acharamba ainesu patiri kufambira mberi, nokuti tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

3 Ndinofara zvikuru kudzoka mumba maShe, manheru ano, mushumiro zvakare! Uye tinofara. Ndiri kufara zvikuru kuti . . .

4 Ndambofunga kuti Ichi hachisi kuzouya, asi Chazouya pekupedzisira. Uye saka ndinotenda zvikuru, kuti zvaari wekupedzisira wevatasvi vaye vemabhiza 4, yandinofunga kuti ndiyo imwe yeMharidzo huru kuChechi panguva ino.

5 Handitozive kuti Chimwe chacho chinombova chii. Ndiri kungozvitora zuva nezuva, sekungoChizarura kwaAnoita. Ndiri kuedza ku—kuChipa, ne . . . sokuChipa kwaVanoita kwandiri.

6 Muri kuitirwa zvakanaka here nero—ropafadzo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Macherechedza here kuti Izvo, zviri kungofambirana sei nemazera aya echechi, kuti Zvinongonyatsopindirana sei zvakanyatsokwana nawo? Ndizvo zvazvino . . . Kwandiri, zvinoratidza kuti ndiwo—ndiwo Mweya Mutsvene mumwe chetewo wakapa mazera echechi, Mweya Mutsvene mumwe chete zvino uchipa Izvi, munoona, nekuti zvakabatanidzwa pamwe chete; kwese kuita kumwe chete kukuru kwaMwari, vachiZviratidza nenzira dzakasiyana-siyana.

7 Munocherechedza, paVakaZviratidza kuna Dhanieri, muzviratidzo, paizova nehumiririri hwechinhu 1, chakaita sembu—mbudzi munzvimbo iyi, kana zvichida muti; uye panzvimbo inotevera chaizova chimufananidzo. Uye—uye—uye nezvinhu zvaVakaita, vachizviita, chinhu chimwe chete nguva dzose, kuti tingova nechokwadi chekuti hatizvipotse.

8 Zvino, ndanakidzwa chaizvo nguva pfupi yapfuura, ndichitaura nemumwe mudzimai mudiki akagara pano, angangoita makore 85 ekuberekwa. Uye iye . . .

9 Kasiri kare, ndisati ndabuda kuenda kumadokero, handiti, pakaga paine mu—musikana mudiki kumusoro kuOhio, akanga ari, ndinofunga kudaro, akanga ari kufa ari pachinhano chekupedzisira cheleukemia. Zvino, leukemia ikenza yemuropa. Uye, oo, kanhu kadiki kaiva, munoziva, kari muchinhano chakaipisisa kwazvo, zvekuti pakanga pasisina tariro paari zvachose. Vaimudyisa nemutsinga, oparesheni. Zvinoka vaive mhuri yevarombo chaiyo. Uye ivo . . .

10 Mai Kidd, pano, naHama Kidd, vakavaudza pamusoro paShe vachipindura munamato zvakanyanya. Zvino vakabatana, ndofunga kudaro, vakahaya mumwe munhu, ndokuunza musikana mudiki zasi kuno. Zvino akanga ari musikana mudiki akaisvonaka kwazvo, angangoita, oo, makore 6, 7 okuberekwa. [Imwe hanzvadzi inoti, "Makore 9."—Mupepeti] Makore 9. Uye—uye akanga ari kumashure uko mukamuri. Uye . . .

11 Zvino patakaenda pamberi paShe, Mweya Mutsvene wakapa shoko kwaari. Zvino vanofanira kumutora, uye vanofanira kumutora vomupa zvekudya, munoziva, nenzira iyoyo. Zvino paakaenda, akanga achichemera hamubhega, uye, saka, ave kudya chikafu chake nemuromo. Zvino vakamupa hamubhega yacho, ndokungoenderera mberi nekumupa chikafu nenzira inodya nemunhu wese.

12 Munguva pfupi, mazuva mashoma, vakamudzosera kuna chiremba. Uye ivo . . . Chiremba haana kutongokwanisawo kunzwisisa. Akati, "Sokunge aive asiri, asitombori musikana mumwe cheteyo." Akati, "Mufunge henyu, ha—hapana kana muhwezva mumwe zvawo weleukemia paari, chero papi, chero pai zvapo." Saka, uye, akanga ava kufa. Vakanga vamukoniwa; vachingomudyisa kubudikidza nemutsinga dzake. Akanga atochinja kuita yero. Munoziva zvavanoita. Uye saka vaka . . . Uye zvino ari kuchikoro, ari kutamba nevamwe vana, achingofara zvake sezvaangava.

13 Zvinondirangaridza nezveimwe nyaya yakadaro. Rimwe zuva, ndanga ndichangosvika kumba, pakanga paine . . . Kana ndisiri kukanganisa, vaive zvichida maEpiscopalian kana vePresbyteriani, vakanga vaunza musikana mudiki kubva kuKansas. Zvino vanachiremba vakanga vamukoniwa, aine leukemia. Zvino vakamupa, ndinotenda, mazuva 4 ekurarama; aive asvika pakashata kwazvo. Saka vakati vakangopedza mazuva 4 iwayo vachiuya kuno, vachipfuura nemumazaya echando nezvimwe, vachidambura nemunyika yose, kuitira kuti agonamatirwa. Zvino sekuru vacho, murume aitaridzika zvakanaka kwazvo, wechikuru, vaiva nevhudzi jena.

14 Zvino vakanga vave naye, atova kare, namazuva 2, zasi kuno mune imwe motera. Ndi—ndinofunga kuti haisisipo ipapo zvino, kudivi rino reSilver Creek. Uye saka ndakaenda zasi

husiku ihwohwo kunomunamatira. Akanga ari mambakwedza chaiwo. Ndakapinda husiku ihwohwo, ndabva kunze kweguta, ndokudzika zasi. Zvino baba vechikuru ava . . . sekuru vakanga vachifamba-famba havo. Uye, amai vacho, vachiedza kubatsira mwana.

15 Zvino ndichipfugama kuti ndinamate, Mweya Mutsvene wakandizarurira chakavanzika icho chaive pakati pa—paamai nababa vacho, chechimwe chinhu chavakanga vaita. Ndakavadaidza parutivi ndokuvabvunza nezvacho. Vakatanga kuchema, vakati, "Ndizvozvo chaizvo."

16 Zvino ndakatarisa kumashure, ndikaona musikana mudiki achisvetuka-svetuka tambo, achienda, achitamba hake. Uye zvino mwana muduku . . . Mumavhiki angaita 3, vakanditumira pikicha yemusikana mudiki uyu, adzokera kuchikoro, achisvetuka-svetuka tambo, uye asisina leukemia, zvachose.

17 Zvino, zvino, zvapupu izvi chaizvoizvo ichokwadi chaichoicho, munoona. Saka, Mwari vedu ndevemazvirokwazvo, munoona. TinongoVashumira uye—uye nekuVatenda. Uye—uye ndi—ndinoziva kuti iVo ndevemazvirokwazvo.

18 Zvino, ndiri kuedza nepandinogonesesa napo zvino, uye apo chimwe chinhu, mukati, chiri pakati pedu, chiri kushanda nzira yaCho. Uye zvino tichaedza, manheru ano, nenyasha dzaMwari, kutora Chisimbiso Chechina ichi, uye toona kuti Mweya Mutsvene uchati kudii kwatiri, maChiri.

19 Zvino ndichaverenga zva—Zvakazarurwa, chitsauko 6, uye kutanga nendima yechi 7; yechi 7 neyechi 8. Panogara pane ndima 2; yekutanga chiziviso, uye ndima yechipiri ndeizvo zvaakaona.

> Zvino *akati azarura chisimbiso chechi 4,* ndakanzwa *izwi* rechipuka *chechi 4—chechi 4 richiti, Uya* uone.
>
> *Zvino* ndakatarira, *ndikaona bhiza* pfumbu: uye *zita rake* re*akanga* akagara pariri (aive akagara) raive *Rufu, uye Hadhesi* yakamutevera . . . iye. Uye *simba* rakapihwa kwavari pamusoro pezvikamu 4 zve*nyika, kuti vauraye nomunondo,* uye *nenzara,* uye *norufu,* uye *ne* . . . zvikara zve*nyika.*

20 Zvino, Ishe vatibatsire zvino kunzwisisa Izvi. Ichakavanzika.

21 Zvino, kumboti dzokerei kumashure zvishoma, kutsigira, sezvatakaita nemazera echechi, vatasvi ava uye nekuparurwa uku kweZvisimbiso izvi. Zvino, saka tinongozviisa mupfungwa dzedu, totaura zvishoma kusvika tanzwa kuti yave nguva yakakodzera yekutaura.

22 Zvino, tacherechedza zvino, kuti, kuparurwa uku kweZvisimbiso, iBhuku rakavharwa reRudzikinuro. Uye

zvakare Bhuku rakamonwa semupumburu, sezvaingove nzira yekare.

23 [Hama Branham vanoshandisa mapepa kuratidza kamonerwo nekanamirwo kemupumburu—Mupepeti] Rakanga risiri bhuku remhando *iyi*; nekuti iri richangobva kupinda, mhando yemabhuku aya, mune akapfuura, oo, ndinofungidzira makore 150, kana zvimwewo, 200. Zvino ipapo vairimona, vobva vasiya kumucheto kwaro kusina chakabata. Sezvandakakuudzai kuti zvaiitwa sei, uye neMagwaro, kwekuzviwana, uye nemuna Jeremia, nemamwe akadaro. Zvino raitevera raimonerwa ipapo, zvino kumucheto kwacho kwosiiwa kusina chakabata, uye riri se*zvozvo*.

24 Zvino rimwe nerimwe raive Chisimbiso. Zvino raiva Bhuku rakasimbiswa kanomwe, uye raiva riri . . . Hapana . . . Pavaiva . . . Raiva Bhuku reRudzikinuro rakasimbiswa kanomwe. Ndiregerereiwo.

25 Zvino, ipapo, hapana munhu Kudenga kana munyika, kana pasi penyika, akanga akakodzera kuRivhura kunyangwe kana kuRitarisa. Zvino Johane akachema, nekuti akatadza kuwana kana munhu . . . Nokuti, dai Bhuku iroro risina kutorwa kubva muruoko rwoMuridzi wepakutanga . . . Apo, paRakange raraswa naAdhamu naEvha, zvino ndokudzokera, mushure mekunge varasikirwa nekodzero dzavo dzeShoko, vimbiso, nhaka yavo.

26 Ivo, rangarirai, vaitonga pasi rose. Aive—aive mwari mudiki, nekuti akanga ari mwanakomana waMwari. Zvino mwanakomana waMwari ndimwari mu—mu—mudiki. Zvino, izvozvo hazvipesane neMagwaro. Ndinoziva kuti zvinonzwika sezvisirizvo.

27 Asi Jesu akati, "Kana muchivadana kuti, avo kwaiuya Shoko raMwari . . ." Uye Shoko raMwari rinouya kune chii? [Ungano inoti, "Vaporofita."—Mupepeti] Vaporofita. "Kana muchivadana, avo vanovingwa neShoko raMwari kuti, 'vanamwari,' ko mungaNdipomera sei kana Ndichiti Ndiri Mwanakomana waMwari?" Maona?

Uye, zvino, vakanga vari vanamwari.

28 Uye munhu, kana ukazvarwa mumhuri yezita remhuri yako, uri mwanakomana, uye uri chikamu chababa vako.

29 Uye zvakare—zvakare pakapinda chivi, takaona kuti munhu akayambuka mukaha. Zvino—zvino ropa renzombe nerembudzi, rakafukidza, asi harina kubvisa. Kusvikira, Jiki chaiyo yauya, yaigona kutora gwapa rechivi uye yochipamura-pamura zvachose kuita zvidimbu-zvidimbu, nekuchitumira chichidzokera pane mutsveyamisi wacho wepamavambo, anova Satani.

30 Pachakadzokera kuna Satani, anomirira nguva yake yekuparadzwa achitsakatika Nekusingaperi. Zvino, izvozvo

zvinoratidza zvatinotenda. Tinotenda kuti zvemazvirokwazvo achaparadzwa zvachose pamwe nekutsakatiswa.

31 Ndinotenda kuti chivi chichagurwa. Uye kana chareururwa, pahwaro hweRopa raJesu Kristu, zvakafanana nekudonhedzera donhwe reingi nhema mune chitsama chejiki yeClorox. Inongoipamura-pamura kuita mishonga, yoidzosera chaiko kwayakabva. Maona? Uye ndiwo maitiro anoita Ropa raJesu Kristu.

32 Zvino, zvinounza munhu mhiri kwemukaha zvakare, semwanakomana waMwari. Maona? Uye anobva ava—anobva ava uyo—uyo . . . Handiti, kunyange iye . . . Simba raMwari rekusika riri maari. Uye, neimwe nzira, pese apo Mwari pavanogona kuraira kuti zviitwe, zvichaitwa. Uye tinobva tadzoka. Kuti kana a—a . . .

33 Mosesi, pasi peropa renzombe; zvino paakasangana neChiedza chiya, Shongwe yeMoto mugwenzi iya yaipfuta. Zvino akamira, zasi uko, parairo yaakanga apihwa naMwari. Uye aive muporofita. Zvino Shoko raShe parakauya kwaari, akataura, uye kunyange zvinhu zvakasikwa neShoko. Maona?

34 Zvino, kana zvikaita izvozvo pasi pairo, ropa renzombe, ko kuzoti Ropa raJesu? Hachina kufukidzwa; asi rakachibvisa, zvachose. Zvino unomira muHupo hwaMwari, semwanakomana akadzikinurwa. Zvino, munoona, Chechi iri kuresa nechiyero chemararamiro ayo. Uye ndinofunga kuti, kakawandisa kacho, tiri kuita zvekupemha pane kuti tinyatsobuda totarisana nenyaya yacho.

Ndine chimwe chinhu chandiri kuda kutaura, uye ndi—ndichazviita panguva yacho.

35 Uye zvino cherechedzai kuti pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo mumachechi. Uye ndinofunga kuti hurongwa hwemasangano hwakamonyorora pfungwa dzevanhu, nezvimwe zvakadaro, kusvikira havachaziva kuti vozviita sei. Ndizvozvo.

36 Asi takavimbiswa kuti Zvichazarurwa. Uye zvino pane Zvisimbiso Zvinomwe izvo Bhuku iri rakasimbiswa nazvo. Uye Zvisimbiso Zvinomwe izvozvo zvino . . .

37 Uye zvakare mushure mekunge Zvisimbiso Zvinomwe izvi zvapedziswa, tinoona, muna Zvakazarurwa 10, pakava neMitinhiro minomwe yakavanzika yakatumwa Johane kuti anyore, asi ipapo ndokuchirambidzwa kuinyora. Uye panguva yeMitinhiro iyoyo, tinoona Kristu, kana kuti, "Mutumwa akaburuka aine muraraungu, ndokuisa tsoka dzaKe panyika nepagungwa, ndokupika kuti nguva yakanga yapera, panguva iyi."

38 Uye zvino tinoona—tinoona izvo, kuti mukuzarurwa kweZvisimbiso, kuti gwa—Gwayana rakanga rasiya basa

raRo rokuyananisa seMurevereri, uye rakanga rachiuya zvino kuzotora kodzero dzaRo, zvose zvaAkanga adzikinura nerufu rwaKe.

39 Uye, ipapo, hapana aigona kuzarura Bhuku. Hapana aiRinzwisisa. Raiva Bhuku reRudzikinuro. Zvino Mwari Baba, Mweya, vakanga vanaRo muruoko rwaVo, nokuti Kristu akanga ari paChigaro chehushe seMurevereri, Murevereri oga. Naizvozvo, hapaigona kuva nomutsvene, hapana Maria, hapana Josefa, hapana chimwewo chinhu, paartari iyoyo, nokuti raiva Ropa. Uye Ropa raJesu chete ndiro raigona kuita yananiso, saka hapana chimwezve chinhu chaigona kumira seMurevereri. Ndizvozvo. Pakanga pasina chimwezve futi.

40 Saka pfungwa yese iyi yekurevererwa naJudhasi pane zvematongerwo enyika, nekurevererwa naMutsvene Cecilia uchida chimwewo chinhu, hazvina maturo. Hazvisi . . . Ini—ini handisi kuti vanhu ivavo havana kutendeseka pamwe nekuperera. Handisi kuti hauna kuperera iwe mukuzviita, kana uchizviita. Asi, wakarasika, waka—wakarasika mukuperera ikoko. Uye chero chinhu . . .

41 Vanoti, "Manje, Mutumwa uyu—uyu, uyu—uyu akauya kuna Mutsvene Bonifer ndokutaura *izvi*, *izvo*, ne*zvimwewo*. Uye vanofanira kutaura *izvi*." Handipokane nazvo napadiki pose, mupfungwa dzangu, zvokuti mumwe munhu akaona chiratidzo. Ini—ini handipokane zvokuti Joseph Smith akaona chiratidzo, asi chakanga chisiri maringe neShoko rose. Saka naizvozvo, kwandiri, handizvo. Maona? Zvinofanira kuuya pamwe neShoko rose.

42 Ndizvo zviri mazera echechi, neZvisimbiso, nezvimwe zvaZvo zvose. Uye kana chero ani zvake achifunga kuti ane Mitinhiro Minomwe iyi, kana zvisingaenderani nerimwe Shoko rose, pane chimwe chinhu chakatsveyama. Maona? Zvinofanira kuuya iri, ZVANZI NAJEHOVHA, nekuti *iRi* ndiro Bhuku racho. *Ichi* ndicho Chizaruro chaJesu Kristu, muhuzaro hwaCho.

Zvino, ndi—ndinotenda zvino kuti Gwayana rakauya.

43 Vakanga vasingazive. Johane akanga achichema. Haana kuwana kana ani zvake, Kudenga, panyika, nokuti vose vakanga vari rimwe divi remukaha, munoona, chivi. Pakanga pasina munhu . . . Uye Ngirozi, hongu, Yaizova yakakodzera, asi, hazvoka, yaifanirwa kunge iri Hama. Yaifanirwa kunge iri munhu. Uye pakanga pasina chinhu chakadaro, nekuti munhu wese akanga aberekwa nekusangana pabonde.

44 ZvaitoVatorera Mumwe akazvarwa pasina izvozvo. Saka Mwari pachaVo vakazvitora, mukuberekwa nemhandara, ndokuva Emanueri. Ropa raKe, saka, ndiRo rakanga rakakodzera. Zvino paAkayambuka mukaha uyu, pachaKe, ndokubhadhara mubhadharo ndokutiisira zambuko munzira

yedu tose, zvino Akagara pasi, kuti ave Murevereri. Uye Ange akagara ipapo.

45 Uye Bhuku rakange rakatovharwa chaizvo, nguva yose iyi. Riripo, asi Richiri mumifananidzo. VakaRiona. Johane akatoRiona. Chiziviso, pakabuda rekutanga, iye akati, "Pakabuda bhiza jena; rakange rine mutasvi pariri; akanga aine uta muruoko rwake." Uyu mufananidzo. Izvozvo hazvina kuzarurwa. Kwete. Unongova mufananidzo. Uye, semunhu wese ari panyika, ndizvo chete zvaaikwanisa kutaura. Ndizvozvo. Anogona kugumburwa nokudzadzarika, pasina kupokana, orova imwe nzvimbo neche *apa* kana *apo*, uye mushure mechinguva.

46 Asi tinoona, zvino, kuti muBhuku raZvakazarurwa, "PaMharidzo yemutumwa wechi 7, zvakavanzika (zvakavanzika zvese zvaRo) zvinofanirwa kunge zvatozarurwa panguva iyoyo." Zvino, iyi iZvakazarurwa 10:1-7, kuti Zvinofanira kuzarurwa maererano nenguva iyoyo, panguva iyo yaAkadaro.

47 Zvino Mitinhiro Minomwe yakataura manzwi ayo asinganzwisisike, zvino Johane anga ari kuzonyora. Asi, Johane aiziva zvaZvaiva, asi iye—iye haana kuZvinyora nokuti akanga arambidzwa kuZvinyora. Chitori zvemazvirokwazvo, uye zvachose, chakavanzika. Hachitombori mumufananidzo kana chii zvacho. Tinongoziva kuti Iye . . . Kwakatinhira, ndizvo zvoga.

48 Uye zvino mukunzvera izvi zvino, musakanganwe, zvino, Svondo, kana kuti Svondo mangwanani, hatizova neshumiro yekunamatira vanorwara nekuda kwekuzova nemhinduro ku—kumubvunzo wevanhu. Zvino, ndinoda kuti muve nemubvunzo pamusoro peZvisimbiso Zvinomwe izvi, kana zviri kukunetsai, chimwe chinhu chamusinganzwisise. Ngativei nayo paZvisimbiso Zvinomwe izvi. Zvino ndinozenge ndoziva, neMugovera manheru, kana yakakwana ku—kuipindura, kana kuti kwete, munoona. Uye zvakare iye zvino, wongoti, manje, nezvechimwewo chinhu, kana, "Ndoita *izvi* here?" Kana—kana, ungange wakarota. Izvozvo, izvozvo zvose zvinhu zvakafanira, zvino, rangarirai. Zvinhu zvakafanira. Asi ngatinyatsogarei neZvisimbiso Zvinomwe. Ndizvo zvatiri pazviri chaizvo. Ngati . . . Ndizvo zvacho zvakagadzirirwa mu—musangano, Zvisimbiso Zvinomwe. Ngatigarei chaizvo naiZvozvo.

49 Ndinofanira kuenda kumba, ndinofanira kuita misangano mishoma kunze uko kumadokero. Ndichadzoka zvakare zvino, mushure zvishoma memwedzi kana 2, kana zvimwe zvakadaro, uye pamwe Ishe vachatendera kuti tigone kuva nechimwewo chinhu pane izvozvo, zvichida shumiro yekunamatira vanorwara kana chimwewo ipapo, kana chero zvatiri . . . chero zvazviri.

50 Zvino tine Hwamanda Nomwe pano, dzichigere kuuya, munoona. Uye dzose idzodzo dzinouya imomo, zvakare. Uye

Ndiro Nomwe, munoona, dzichadururwa. Saka, uye zvese zvinobatana imo umu chaimo, asi zvese zvichiri zvakavanzika nazvino.

51 Zvino, manheru apfuura . . . Takaona kuti Chisimbiso Chekutanga chakazaruka, uye mutasvi . . . Zvino Ishe . . . Zvechokwadi chizere, handina kumbozviziva kumashure. Hapana chimwe chezvinhu izvi chandaimboziva kumashure. Ndizvozvo. Uye ini handitongozivi.

52 Ndinongoenda kumusoro ikoko, uye ndotora Bhaibheri ndogara pasi, ndogara ipapo kusvikira Chatanga kubhedhenuka saizvozvo. Ndinongotora chinyoreso changu ndotanga kunyora. Uye ndongogara ipapo, zvichida kwemaawa, kusvikira Cha—Chapedza.

53 Zvino ndinodzokera, uye ndonotsvagurudza, sekuona kwangu paVakaZvitaura. Ndakafunga, "Nhai, zvinoita sekuti ndakazviona pane imwe nzvimbo." Ndotora bhuku rangu rendima dzinoenderana, ndochitarisa kumashure. "Pane chimwe chinhu chakaita saIchocho here? Uye hechinoi Chiri *pano* chaipo. Zvinoka hechino Chiri pano neche *apa* zvakare. Uye hechino Chiri kumashure *kuno*, uye nezasi *apa*, uye neche *apa*." Ndinobva ndangoZvisunganidza imomo. Ndinoziva kuti ndiMwari, chero bedzi Zviri kuenderana Gwaro neGwaro. Ndiyo nzira yaZvinofanira kuita nayo. Sekungobatanidza chivakwa pamwe chete, matombo anofanira kukwanirana, dombo nedombo.

54 Zvino, manheru apfuura takava nekuzarurwa kwe—kweChisimbiso Chechitatu. Chekutanga raiva bhiza jena, uye chinotevera raiva bhiza dzvuku, uye tevere bhiza dema. Zvino tinoona kuti vatasvi vakanga vari mutasvi mumwe chete, nguva dzose; uye uyu aiva antikristu, pakutanga kwacho. Akanga asina—asina korona, asi akazogamuchira imwe gare-gare. Uye zvakare tinoona kuti zvino akazopihwa munondo, kuti abvise rugare panyika, uye tinoona kuti akazviita. Uye zvadaro akabva auya nedzidziso dzekupa, chechi nemari, nekuyera dhinari re*izvi*, nemadhinari 2 e*zvozvo*. Asi akarambidzwa kubata Mafuta newaini, izvo zvaive zviri zvishoma zvakanga zvakasara.

55 Uyezve ndokupa, takasiya nezuro manheru, nekuratidza kwekuti Mafuta newaini zvaiva chii, uye nezvaZvakakonzera. Uye isu . . . Zvinogona kunge zvakaita sekuvirima zvishoma, asi ini . . . chingori Chokwadi chaicho. Maona? Zvino, takasiira pane . . . Ngatingo, kwenguva shomanana, titarise zvakare pazviri zvino. Zvino takasiira, pasimba rewaini, zvaimiririrwa neMafuta, Mweya. Zvino, ndofunga mose makazvinyora pasi zvose. Muchazviwana patepi, kana manga musina. Uye nepanowanikwa Magwaro, okuti, Mafuta anogara achifananidzira Mweya Mutsvene. Semhandara dzakapusa dzisina Mafuta, mhandara dzakangwara dzine Mafuta, unova

Mweya Mutsvene. Uyezve kumashure, mu—muva—vaporofita, nevamwe vakadaro. Uye zvino ini . . .

56 Chokwadi, handiedzi kuburitsa Gwaro rose imomo. Uye pane zvinhu zvausingakwanise kutaura nezvazvo; zvinotora nguva yakawandisa. Asi ndinoedza kuisa kunze kuno, neMagwaro nezvimwe zvakadaro, zvinongokwana kupa kuvanhu kuti vazive uye vagoona mufananidzo waCho. Asi kana ukangogara pasi nechimwe cheZvisimbiso izvi, manje, ini zvangu, unogona kutora mharidzo dzemwedzi wese manheru ega-ega, paChisimbiso ichocho chaipo, uye zvakadaro usina kana kutomboChibata, munoona, pane chimwe chaZvo. Uye ndiwo ma—madzamiro ari paChiri. Asi, kungobata nhongonya yaCho, zvino unogona—unogona kuona zvese nezvaCho.

57 Zvino, seMafuta aifananidzira Mweya Mutsvene, zvino tinozoona kuti mafuta newaini zvinobatana mukunamata, munoona, zvagara zvichibatana mukunamata.

58 Uye waini, ndakati, zvakauya kwandiri, kuti waini inofananidzira kuti raiva simba re—raiva simba rekutekenyedzwa nechizaruro. Maona? Zvino ndipo apo chimwe chinhu chichinge chazarurwa. Zvinopa kutekenyedzwa kumutendi, nokuti zvinounzwa nechizaruro. Maona? Ndechimwe chinhu chakataurwa naMwari. Ichakavanzika; havakwanise kuChinzwisisa, munoona. Uye, mushure mechinguva, Mwari vanoburuka voChizarura, uye zvakare voChisimbisa.

59 Rangarirai, kana Chokwadi chazarurwa, Chokwadi chinosimbiswawo zvakare. Mwari, nguva nenguva, zvisinei kuti munhu angava akatesva njere zvakadii, angave akangwara zvakadii mupfungwa dzake; kana Mwari vakasatsigira zvavari kutaura, pane chakatsveyama. Maona? Ndizvozvo. Nokuti, iShoko.

60 Zvino, Mosesi paakaenda kunze uko ari pasi pekufemera kwaMwari, akati, "Nhunzi ngadziuye." Nhunzi dzikauya. Akati, "Matatya ngaauye." Matatya akauya.

61 Munoona, ko dai akati, "Nhunzi ngadziuye," zvino dzorega kuuya? Munoona, ipapo haa—ana kutaura Shoko raShe, munoona; angotaura, ataura shoko rake iye. Anogona kunge akafunga kuti panofanirwa kuva nenhunzi. Asi, ipapo—ipapo hapana nhunzi dzakauya, nokuti Mwari vakanga vasina kumuudza kudaro.

62 Uye kana Mwari vakuudza chero chinhu, uye voti, "Iwe enda unoita *ichi*, uye Ndichange ndinacho, nekuti iri iShoko raNgu," zvino Vochiratidza muBhaibheri, zvadaro Mwari vanobva vamira seri kwacho. Uye kana chisina kunyorwa muBhaibheri, Mwari vanomira seri kwacho, zvakangodaro, kana riri Shoko raMwari. Maona?

63 Uyewo kana zviri kunze kwaizvozvo, zvinozarurwa kuvaporofita. Tinocheredza kuti zvakavanzika zvaMwari zvose zvinoziviswa kuvaporofita, uye ivo voga. Munoona, Amos 3:7.

64 Zvino, zvino, simba rechizaruro rinounza kutekenyedzwa kumutendi. Nokuti, simba rewaini, waini chaiyo, nderekutekenyedza. Maona? Ndeyeku—kuunza munhu, uyo awisirwa pasi zvakanyanya, kuti agotekenyedzwa. Maona? Maona? Saka, ipapo, zvino, kune simba rechizaruro cheShoko, rinopa kutekenyedzwa kwemufaro kumutendi, kutekenyedzwa kwekugutsikana, kutekenyedzwa kwekuti Zvasimbiswa, Zvaratidzwa.

65 Zvinonzi izvo, muMagwaro, sezvo tiri kuda kutaura nezvazvo, se "waini itsva." Tinogara tichitaura nezvazvo saizvozvo, sekuti, "Ava vakadhakwa newaini itsva." Maona? Zvakanaka. Kana kuti, "waini yepamweya," ndinofunga kuti, idudziro yakanakisisa ingavapo. Ingazova, pane "waini yepamweya." Sewaini yepanyama inozvizarura musimba rekutekenyedza, ndizvo zvinoitawo waini itsva, paInozarura Shoko raMwari, rinova Mweya. Oo! Zvino pane . . . ndiyo . . . Munoona, Shoko pachaRo Mweya. Munozvitenda here izvozvo?

66 Ngatizviverengei. Ngatizviverengei, Mutsvene Johane 6. Ngatingo . . . Hongu, zvino imi—zvino imi—imi hamuzoti, "Asika, zvino, mumwe munhu ndiye akataura izvozvo." Ngati—ngationei kuti Ndiani akazvitaura, zvino tobva taziva kuti iChokwadi here, kana kuti kwete. Mutsvene Johane, chitsauko 6. Zvino chitsauko 6, uye ndinotenda kuti indima sixty- . . . yechi 63, zvakanaka, ndinofunga ndiyo iyi. Hongu.

> *Mweya ndiye* anopa hupenyu; *nyama* haina pundutso: *mashoko* andinotaura *kwamuri, ndiwo mweya,* uye ndiwo *upenyu.*

67 Shoko pachaRo Mweya. Mweya muchimiro cheShoko. Uyewo, munoona, kana Rapiwa hupenyu, kana kuunzwa kuhupenyu, Mweya weShoko unotanga kushanda nekubata basa. Maona? Nokuti izvo . . .

68 Zvino tarisai pano. Pfungwa inofanira kuva pfungwa isati yava shoko. Uyewo kana pfungwa yaratidzwa, ishoko. Zvino, *iyi* ipfungwa yaMwari iyo yaVakaisa muShoko. Uye zvakare kana taIgamuchira kubva kwaVari, Inozova Shoko.

69 Mwari vakazarura kuna Mosesi zvekuita. Mosesi akazvitaura, uye zvikaitika. Maona? Ndizvozvo, kana zvichinyatsobva kuna Mwari.

70 Zvino tinoona, kuti—kuti Ino—Inotekenyedza uye Inopa mufaro, nokuti IShoko raMwari. Uye waini itsva, waini itsva iyi inotekenyedza . . . kana Yazarura Shoko. Zvino, inounza mufaro unopfuurira chiero, dzimwe nguva. Takapfuura nemazviri, kuti inounza mufaro wakadaro kusvikira wava kupfachukira.

71 Zvino, ndinoziva kuti pane kupengereka kwakawanda, uye vanhu vachingoenderera. Ndinoziva dzimwe nguva vanozviita kana mumhanzi uchisvetuka-svetuka, nezvose. Uye ndinoziva zvinodaro. Uye ndi—ndinozvitendawo, zvakare. Asi ndakaona vanhu muzuva iro kana, chero bedzi mumhanzi uri kurira, munhu wese aisvetuka-svetuka achizhambatata; asi mumhanzi paunomira, zvinobva zvamirawo. Maona? Ndinotenda . . . Zvino, kuti, zvichiri zvakanaka, sekuona kwangu, munoona, chero bedzi vanhu vachirarama zvakanaka. Uye . . .

72 Asi, zvino, chii, chitanga kuchiunza Shoko! Zvino, ndicho chinhu chinonyatsounza Hupenyu, iShoko, zvino rinounza mufaro wekutekenyedzwa newaini itsva. Maona? Hongu. Uye ndizvo zvazvaiva paPentekosti, apo Shoko rakasimbiswa.

73 Zvino tarisai. Zvino, Jesu akavaudza, Ruka 24:49, "Tarirai, Ndinotumira vimbiso yaBaba vaNgu pamusoro penyu; asi imi kwirai kuJerusarema mundomira kusvikira." Chipikirwa chaBaba chaiva chii? Joere 2:28, handiti, tinoona kuti, Vacha "durura Mweya." Muna Isaya 28:19, kuti kuchazova "nemiromo inokakama, nedzimwe ndimi," nezvinhu zvose izvi.

74 Vakaenda kumusoro ikoko. Uye sezvatakapfuura nemazviri, zvichida mumwe akati, "Zvino, ndinotenda tamirira kwenguva yakareba zvakakwana. Ngatingougamuchirai nekutenda." Yakanga iri dzidziso yakanaka yechiBaptisti, asi haina kushanda pahama idzi.

75 Saka zvino, chinhu chekutanga munoziva, chaitofanira kuzova mazvirokwazvo. Zvino vakamirira pashumiro yavo, kuti Shoko risimbiswe. Uye paunosvika pakuzotsvaga Mweya Mutsvene, unoita zvimwe chetezvo.

76 Hongu, unogona kuugamuchira nokutenda. Unofanira kugamuchira Kristu nokutenda. Ndizvozvo chaizvo. Uye unogamuchira Mweya Mutsvene nokutenda; asizve rega Mweya Mutsvene auye akupe kudzingiswa, sechapupu chokuti Wagamuchira kutenda kwako, munoona. Zvino, munoona, "Abrahama akatenda Mwari, uye zvikaverengerwa kwaari sekururama." Asi Mwari vakamupa chiratidzo chokudzingiswa, sechisimbiso chekuti Vanga vagamuchira kutenda kwake.

77 Saka ndizvo zvimwe chetezvo zvatinofanirwa kuita. Tinofanirwa kumirira pane Mweya Mutsvene kusvikira Waita chimwe chinhu; kwete nekuti tataura nendimi, kwete nekuti tatamba, kana kuti tanzwa manyawi, tadanidzira. Kusvikira tashandurwa; kusvikira chimwe chinhu chanyatsoitika chaizvo! Handina basa kuti chinouya chiri muchimiro chakaita sei. Chero chete zvaitika, ndicho chinhu chine basa. Maona?

78 Uye ndinotenda kuti kutaura nendimi nezvimwe zvinhu zvose izvi zvakanaka, asi izvozvo zvingori zvoga hazvishande. Uye munoziva kuti hazvishande. Saka, hazvina chazvinoita.

79 Ndakaona varoyikadzi vachitaura nendimi, ndikaona varoyirume vachitaura nendimi uye vachitamba mumweya. Chokwadi. Voisa penzura pasi uye iyo yonyora nendimi dzisingazivikanwi. Zvino mumwe munhu odzidudzira, ndizvozvo, uye otaura chokwadi. Ndizvozvo. Ndokunyora chaizvo zvakanga zvaitika, uye zvaiva chaizvoizvo nenzira iyoyo. Ndokuvaona vachimwaya guruva pamusoro wavo, uye vozvicheka-cheka nemapanga, uye vozvifukidza zvose neropa rengongoni kana chimwewo chinhu, uye—uye, chokwadi, munoona, uye vodana pana dhiyabhore. Saka, munoona, izvozvo hazvi . . .

80 Kutaura nendimi hakuzviite. "Kunyange ndikataura nendimi dzevanhu nedzeVatumwa, uye ndisina rudo, hazvindibatsire chinhu. Munoona, kunyange ndaigona kuzviita!" Maona? Saka zvinhu izvozvo hazvireve kuti une Mweya Mutsvene.

81 Asi kana Iye, Mbune, mwe—Mweya usingafi waKristu wava Muponesi wako pachako, uye wokushandura, uye wokandira maonero ako chaimo muKarivhari nekuShoko iri, pane chinhu chaitika. Hongu, changamire. Pane chinhu chaitika. Hapana anofanira kukuudza nezvazvo. Unotozviziva kana zviri zvaitika.

82 Uye waini itsva, kana ichinge yaunza chizaruro, zvino Chi—Chinobva chazarurwa.

83 Uye ndiyo nzira yazvaiva paPentekosti. Vaiziva kuti—kuti paifanira kuva neMweya unodururwa pamusoro pavo, uye vakamirira kusvikira izvi zvaitika. Zvino pakaitika kusimbiswa kwechizaruro, ipapo kutekenyedzwa kwakave pamusoro pavo. Chokwadi vakadaro. Vakapfutawo, zvakare. Ivo, kunze uko mumigwagwa; uko, kwavaitya, uye vachiva nemikova yakavhara. Zvino vakanga vari kunze mumigwagwa; uko, kwavaimbotya rimwe boka revanhu; vachiparidza Vhangeri kwavari! Ndizvozvo chaizvo. Munoona? Pane chakanga chaitika, nekuti Shoko rechokwadi revimbiso rakanga rasimbiswa.

84 Zvino ngatimirei pano kwechinguvana. Kana izvozvo zvakaunza zvinhu chaizvo kuvarume ivavo, kuti ivo—ivo . . . Potse mumwe nemumwe wavo akasimbisa chapupu chavo neropa ravo. Zvisinei nekuti chii chakauya, chero bedzi vairarama, haUna kumbobva pavari. Wakagara ipapo, nokuti rakanga riri Shoko rechokwadi revimbiso, rakasimbiswa. Chizaruro chakava chakasimbiswa. Zvino vakafa, vachisimbisa huchapupu hwavo neropa ravo pachavo.

85 Zvino tarirai chipikirwa chemazuva ekupedzisira. Uye pano tinochiona chichisimbiswa pamberi pedu chaipo, ku—kuuya kwazvino kweMweya Mutsvene nemabasa aWaifanira kuita, uye tinozviona pakati pedu chaipo. Maona? Oo, tinofanira . . . Oo, ini zvangu! Tinganzwa sei? Pane chinoitika, ndinokuudza, shamwari! Kana mutendi chaiye, wechokwadi, akaperera,

akafanotemerwa, kana Chiedza ichocho charova pambeu iyoyo, chimwe chinhu chinoputika kuHupenyu hutsva. Kamudzimai kaya kaduku patsime!

86 Apo, vaprisita vaya vakadzidza vainge vati, "Haiwawo, ndidhiyabhore uyo. Muuki uyu. Ari—ari kungoudza vanhu ivavo zvichavawana. Uye iye—iye idhimoni."

87 Asi, apo, mudzimai mudiki uya aine mbeu yakafanotemerwa! Zvino unofunga kuti hazvisi? Asi Jesu akati, "Hapana munhu angauya, kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva; uye vose vaNdakapihwa naBaba vachauya." Uye Iye . . .

88 Zvino antikristu, mazuva ekupedzisira, achakwanisa . . . Mweya waantikristu uyu watiri kunzvera, mune zvemasangano, uye ndokuratidza kuti zvemasangano ndiantikristu. Zvino, nechemberi, chero munhu upi zvake anogona kufamba achibva pano saizvozvo, iye, pane chakatsveyama, uye oramba achitenda kuti hurongwa hwemasangano hausi antikristu. Izvo, zvakanyatsoratidzwa, kubva munhoroondo, kubva pane zvese zviripo, kubudikidza chaimo nemuBhaibheri raMwari nezvimwe zvese, kuti ndiantikristu. Uye Roma ndiyo musoro wacho. Uye machechi vanasikana vayo vanoteverawo naipapo. Uye vose vanokandwa mugehena. Ndizvozvo chaizvo. Saka tinoona chinhu ichi, antikristu, mweya wacho.

89 Nezuva ratiri kurarama mariri, uye, handiti, rinofanira kuunza "mufaro usingataurike uye uzere nekubwinya." Mudzimai mudiki uya wekare, pazvakangomurova, ini zvangu, mbeu yakabva yaputika!

90 Zvino, rangarirai, Bhaibheri rinotaura, kuti muzuva rekupedzisira, kuti antikristu uyu aizo "nyengera pasi rose."

91 Panozove nenhamba yevashoma chete, vane mazita akaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Uye kana kusimbiswa kwechokwadi ikoko kweChokwadi chakazarurwa cheShoko raMwari kwarova moyo iwoyo, achapinda mumvura, uye obuda kunze uko neMweya Mutsvene, nesimba rose raanogona naro. Uye haukwanise kumumisa kuzviita, nekuti Hupenyu hutsva hwatobata basa.

92 Ndaitaura nemumwe munhu, kasiri kare, akanga achiedza kukurukura neni, uye achiti, "Hamunyare here kutaura kuti Mwari vakasika matenga nenyika nemazuva 3?" Ini . . . Kana kuti, " . . . mumazuva 6?"

Ndikati, "Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri."

93 Akati, "Asika, isu tine humbowo uye tinogona kuratidza kuti nyika ine mamiriyoni emakore."

94 Ndakati, "Izvozvo hazvinei kana nechekuita nazvo. Muna Genesi 1:1, Yakati, 'Pakutanga Mwari vakasika matenga nenyika.' Chete! Ndizvo zvoga, munoona. 'Zvino nyika yakanga

isina chimiro, uye isina chinhu.'" Zvino ndikati, "Ndinotenda mbeu yose yakanga irere ipapo, kubva kune imwe budiriro yehungwaru kana zvimwewo. Zvino pakangosimuka mvura, uye chiedza chikairova, miti nezvimwe zvose zvakabva zvabuda."

95 Zvino zvimwe chetezvo nemunhu, mufananidzo. Apo mhu—mhu—mhute yose yakanga yasuduruka, uye Chokwadi chakazarurwa kumbeu iyi yechokwadi irere ipapo, ichine hupenyu, uye Chiedza cheVhangeri chinogona kuirova nekusimbiswa kwechokwadi kweShoko, inorarama. Ine Hupenyu mairi. Ichatenda. Kunze kwaizvozvo, haigone kurarama; haina Hupenyu mairi.

96 Mazita iwayo akaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa, achabuda zvechokwadi sechero chinhu chipi zvacho. Uye ndicho chikonzero Jesu achigara Ipapo uye omirira nebasa raKe rekureverera, kusvikira mbeu iyoyo yokupedzisira. Uye Achanyatsoziva chaizvo pazvicharova.

97 SaChiremba Lee Vayle . . . Ndinodaira kuti vachiri mumusangano pane imwe nzvimbo. Handisati ndavaona kwemazuva. Handitende kuti ndavaona. [Imwe hama inoti, "Vari pano."—Mupepeti] Vari pano. Zvino, rimwe zuva vakanditumira kapepa aka, pamusoro pezvakataurwa naIrenaeus. Zvino, ndakasarudza Irenaeus, kubva kare-kare, kuve ari mutumwa wezera raaiva. Asi akati, "Kana nhengo yekupedzisira iyi yeMutumbi yapinda," muzera rino rekupedzisira, "inofanira kuva . . . chinhu chacho chichazarurwa panguva iyoyo." Uye hechinoi ichi. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Tiri muzuva racho. Zvakanaka.

98 Kareko, Pentekosti yaive nemufaro unopfuurira. Vainge vanyatsotekenyedzwa. Ndinofunga, zvinodaro chero ani zvake.

99 Ngatingotorai kachinguvana chete. Ngatifungei nezvaDhavhidhi. Aka—akatekenyedzwawo, zvakare. Akati, "Mukombe wangu uri kupfachukira." Ndinotenda kuti akava ne—nechiitiko chikuru chaizvo muhupenyu hwake. Chii, chii chakamukonzera kuita izvozvo? Paakanga ari muMweya . . . Nekuti, akanga ari muporofita. Tinoziva kuti akanga ari. Bhaibheri rakataura kudaro. Muporofita Dhavhidhi, zvino, nekuti akanga ari muporofita, uye akanga ari muMweya, uye akaona rumuko. Kana muchida kuzviverenga, zviri muna Mapisarema 16:8 kusvika 11. Akati, "Uyezve nyama yangu yakafadzwa. Ini zvangu! Ndi—ndinozorora mutariro, nokuti haMuzosiyi mweya wangu mugehena; uyezve haMuzotendera Mutsvene weNyu kuti Aone kuora." Uye ndinokuudzai, mukombe wake wakabva wapfachukira, nokuti akaona. Zvisinei nekuti chaiva chii; oo, akaona rumuko, uye akanga ari chaizvo . . . zvino mukombe wake wakapfachukira.

100 Zvakare, Dhavhidhi akava nemumwe mukombe waipfachukira, muna Samueri Wechipiri, (nekuda kwekuti

mune mapenzura enyu), Samueri Wechipiri 6:14. Pakanga paita nguva pasina chemweya.

101 Vakanga vatora areka. Muvengi akanga apinda uye akatora areka yaJehovha, zvino vakange vaiendesa zasi ndokuimisa pamberi paDhagoni, zvino Dhagoni akawira pasi nechiso chake. Ndokuiendesa kune rimwe guta, matenda ndokupararira. Zvakanga zviri . . . Ndicho chakava chinhu chinopisisa chavakambova nacho pamaoko avo, zasi ikoko. Uye vakatadza kuibvisa pakati pavo, nokuti yakanga isiri panzvimbo yayo.

102 Zvino, pavakaiisa pangoro yemombe, ndokutanga kudzokera. Zvino Dhavhidhi paakaona areka ichiuya, munoziva here zvaakaita? A—akanyatsozara zvikuru, zvino mukombe wake wakatanga kupfachukira; kutekenyedzwa! Paakaona Shoko richizarurwa richidzoka muIsraeri zvakare, akatamba muMweya, ndokutenderera, achitenderera, achitenderera, achitenderera, achitenderera, saizvozvo. Ehe. Mukombe wake wakatanga kupfachukira, munoona. Sei? Akaona Shoko richidzoka.

103 Uye ndinofunga kuti izvozvo zvingaita kuti chero munhu upi zvake anzwe kakutekenyedzwa pavanoona, mushure memakore ose aya; uyezve Shoko rechokwadi, kubudikidza nevimbiso yekuti richava, richiunzwa nekusimbiswa. Inguva yakadini! Inguva yakadini!

104 Zvino ngativerengei. Ndi—ndikaramba ndichitaura, handizosviki kune izvi, uye ndinozokuchengetai mose pano kusvika na 10:30. Ndakakurumidza kukuburitsai manheru apfuura, saka ndinofanira kukubatai kwenguva yakareba manheru ano. [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Ehe. Ehe. Kwete, ndanga ndichingokudenhai zvangu. Maona? Ndiri . . . Tinongoda sekungotungamira kunoita Ishe. Zvino:

> Zvino *wakati azarura chisimbiso chechi 4, ndikanzwa inzwi* rechipuka *chechi 4 richiti,* Uya . . . uone.

105 Zvino, "Gwayana parakazarura Chisimbiso Chechina." Ngatimirei ipapo zvino. Chisimbiso Chechina, zvino, Ndiani akaChizarura? Gwayana. Pane mumwe munhu akanga akakodzera here? Hapana munhu aigona kuzviita. Kwete. Gwayana rakazarura Chisimbiso Chechina.

106 Uye chi—Chipuka chechi 4, Chisikwa chipenyu chakaita sechapungu, chakati kuna Johane, "Huya, uone zviri chakavanzika chechi 4 chehurongwa hwerudzikinuro, chakanga chakavigwa muBhuku iri," nokuti Gwayana rakanga richiChizarura. Nemamwe mashoko, ndizvo zvaaitaura. "Pane chakavanzika chechi 4 pano. Ndakuratidzai, mumufananidzo. Zvino, Johane, handizive kana maChinzwisisa, kana kuti kwete." Asi, akanyora pasi zvaakaona, asi chakanga chiri chakavanzika. Saka, akanyora zvaakaona.

107 Gwayana rakanga richiparura Zvisimbiso, uye Mwari zvakadaro vakanga vasiri kuzoZvizarura. Zvakasiirwa mazuva ekupedzisira. Maona? Zvino, takava nemifananidzo, uye takatsvanzvadzira mazviri, uye tikaita zvakanaka kwazvo dzimwe nguva, munoona. Asi tinoziva kuti Zvakafambira mberi. Asi zvino, mumazuva ekupedzisira, tinogona kutarira shure toona kwaZvakanga zviri. Uye zvinofanira kuitwa, kuti, pakupera kwezera rechechi, Kubvutwa kwave kuda kuitika.

108 Kuti munhu angava neChechi ichipinda nemuKutambudzika chirudzii, handizivi. Asi chii chaIngapindira nemuKutambudzika, apo Iyo isina—isina kana nechivi? Ndinoreva . . . Handirevi chechi; chechi ichapfuura nemuKutambudzika. Asi ndiri kutaura nezveMwenga. Mwenga, kwete, haUna chivi chinoUpomera, zvachose. Wakatocheneswa kare nejiki, uye hapatorina kana ne—ne . . . Hapana kana munhuwi wacho, uye hapana chakasara. Vakakwana, pamberi paMwari. Saka Kutambudzika kupi kunofanira kuvachenesa? Asi vamwe vanodaro. Chechi inopinda nemuKutambudzika, asi kwete Mwenga.

109 Zvino, zvino tangozvitora mumhando dzose dzemifananidzo zvino. Seche—chechi, Noa, mhando yevakayambutsirwa mhiri, vakazopinda muchivi. Munoona, zvino, vakayambukira mhiri. Asi, Enoki akaenda kutanga, ndiwo waiva mufananidzo wevatsvene vaizopinda mukati, zvakare nguva yeKutambudzika isati yasvika.

Zvino tinoona kuti, Gwayana iri rakazarura Chisimbiso.

110 Zvino, Chipuka chekutanga chatinoona, kana mukacherechedza, Chipuka chekutanga chatinoona, chaiva . . . Chipuka chekutanga chaiva shumba, Chisikwa chipenyu; takazviwana izvozvo mubhuku rezvisi- . . . remazera ekereke. Uye zvakare Chipuka chechi 2, ndinotenda kudaro, chaiva chi—chiso chenzombe, kana mhuru. Uye Chipuka chechi 3 chakanga chiri chiso chomunhu. Asi Chipuka chechi 4 chakanga chiri chiso chechapungu. Zvino ndiyo nzira chaiyo yatakazviwana nayo, zvichitenderera chaizvo saizvozvo. Uye ndiyo nzira chaiyo yazvakatoiswa nayo muBhuku pano.

111 Uyewo semumwe mudzidzisi mukuru, pane imwe nguva muFlorida, achidzidzisa, aitaura kuti—kuti izvo . . . kuti, “Bhuku raMabasa raingovawo zvaro zvimiswa zve—zvekunze zvekushandisa kuvaka zve—zveChechi. Chechi yakavambwa muEvhangeri 4.”

112 Uye tinoona, zvinopesana naizvozvo, kuti Evhangeri 4 ndidzo dzinorinda Bhuku raMabasa. Kubva muEvhangeri 4 idzi ndipo pakanyorwa Bhuku raMabasa, mabasa eMweya Mutsvene muvaapostora. Uye tinoona kuti, umo muBhuku, kuti varindi ava vakanga vagerepo vachitarira; kumabvazuva, kuchamhembe, kumadokero,

nekumaodzanyemba. Munorangarira here kuti takazvidhirowa sei pano? Uye kuti zvinhu zvese zvakanyatsorova zvakanaka sei panzvimbo yazvo!

113 Zvino ndinoda kuti mucherechedze. Akati, "Huya uone." Johane . . . Zvino ndinoda kuti mucherechedze zvakare, izvi zvisati zvaitika. Zvino, uyu pano ndiye wekupedzisira wevatasvi ava, kuzarura kushanda kwaantikristu.

Mangwana manheru, tinobata mweya iri pasi peartari.

Husiku hunotevera, mitongo.

114 Husiku hunotevera, kuenda, kwe—kwekuguma kwezera, kuguma kwenguva, yezvinhu zvose, munoona, paAnotorwa kumusoro. Naizvozvo, muChisimbiso cheChinomwe ichocho, munodururwa Ndiro, uye nezvimwe zvose zvinodururwa. Kuti zvii, ini handizivi.

115 Cherechedzai. Asi zvino, pane ichi pano, tinoona kuti muchinda uyu ari pano ichapungu, murume uyu ari . . . kana kuti Chisikwa chipenyu ichi chadururwa pano zvino. Kana kuti, nemamwe mashoko, kune mazera 4 akasiyana aZvo. Paiva nezera reshumba. Uye, tinoona kuti, rino riri zera rechi 4.

116 Zvino akati, "Huya uone chakavanzika chechi 4 cheBhuku reRudzikinuro, changa chakavanzwa muBhuku iri. Huya, uone." Zvino Johane akaenda kunoona, uye akaona bhiza pfumbu. Uye, zvakare, mutasvi mumwe chete iyeye ari pabhiza pfumbu iri.

117 Zvino ane zita rinonzi Rufu. Zvino cherechedzai. Hapana mumwe wevamwe vatasvi, kana kuti hapana rimwe remamwe mabhiza, kana kuti hapana nguva iyo mutasvi uyu akambotasva, vakanga vasina; murume uyu akanga asina zita. Asi iko zvino ava kunzi Rufu. Hazvina kutaurwa. Maona? Anozararurwa zvino. Zvaari iye ndirufu.

118 Zvakanaka, tingatogara pazviri izvi semharidzo, tonyatsozvijekesa! Asi chose chinopesana, chinopesana nechemazvirokwazvo, chinofanira kuva chiri rufu. Nokuti, pane zvinhu 2 chete, zvinoti, Hupenyu nerufu. Uye zvinoratidza kuti chizaruro cheMweya Mutsvene cheizvi, muzuva rino, iChokwadi chaicho. Anti, ndiye rufu. Nokuti, Shoko, sezvatichaona garegare pano, ndiro Hupenyu. Maona?

119 Uye murume uyu anonzi Rufu. Zvino, zvakanga zvisina kutaurwa pane dzimwe nguva, nezvemutasvi uyu. Asi, kubva ipapo, zvarehwa zvino, kuti anonzi Rufu.

120 Asi pasi pechizaruro cheshumba . . . Zvino tarisai. Zvino ndinoda kuverenga izvi zvakanyatsonaka, kuti ndive nechokwadi; ndanyora pasi dzimwe dzenzvimbo idzi, ndimire pano. Pasi, kwete pasi pechizaruro chezera reshumba, kana chezera rekutanga, zera rakatanga, iChi hachina kuzararurwa. Zera raitevera raive zera renzombe, rinova zera rerima, zera repakati, chakanga chisina kuzararurwa kuti

Chaivei. Kana Chipuka chakaita semunhu, chehuchenjeri, chichimiririra vavandudzi, Luther naWesley nevamwe vakadaro, Chakange chisina kuzarurwa. Asi muzera rechapungu, zera rekupedzisira, zera rechiporofita, uko kuri kuzosimuka kutaura kwechiporofita, maona, uko kwagara kuri kunouya zvakavanzika! Zvino ndipo patinongo . . .

121 Ticharamaba takati mirei pazviri kwechinguvana, manheru ano, kuitira kuti munyatsonzwisisa. Zvino, munguva zhinji, munocherechedza, izvi . . . handisi kungotaura chete kuboka rino riri pano. Matepi aya anoenda kwese-kwese, munoona, uye ndinofanira kuzvijekesa. Nekuti, mumwe munhu anozongotora tepi 1, uyezve, kana akasawana mamwe ese, vose vanoshaya kuziva kuti zviri kufamba sei, munoona. Mwari vakazvivimbisa Izvi, munoona, kuzuva rino, rekupedzisira, kugumiswa kwezvinhu zvese izvi zvakasiyana-siyana izvo zvakaitika uye zvikavhenganiswa. Tiri . . .

122 Takava nemagemenzi aEria. Tikava nenguwo dzezvinamato dzaEria. Oo, pane vanhu vaka . . . John Alexander Dowie akavigwa kumusoro uko, akaputirwa mungu—nguwo dzezvinamato. Akati akanga ari Erisha. Uye isu takave nemhando dzese dzezvinhu zvakadaro. Chii ichocho, zvisinei? Ndezvekungobvisa Chokwadi chiri kuzoratidzwa. Maona? Vaiva navanakristu venhema nguva yaJesu isati yasvika. Maona? Vanogara vachizviita. NdiSatani, ari kubuditsa zvenhema, kuti avhiringe pfungwa nekutenda kwevanhu, chinhu chacho chaicho chisati chaitika. Ndizvo zvoga.

123 Gamarieri haana here kutaura zvimwe chetezvo kumaJudha zuva riya? Akati, "Hapana here murume akasimuka, achizviti ndiNgana? Uye vakatora 400 kunze murenje. Vakaparara, nezvimwe zvakadaro."

124 Akati, "Davi rega-rega iro Baba vaNgu Vekudenga ravasina kudyara," Jesu akati, "richadzurwa."

125 Gamarieri akati, "Varegei vakadaro. Kana ivo, kana zvisiri zvaMwari, hazvizosvike pakushaya basa here? Asi kana zviri zvaMwari, munozowanikwa muchirwisana naMwari." Murume uyu akashandisa huchenjeri. Akanga ari mudzidzisi.

126 Zvino cherechedzai. Zvino, kupedzisa zvakavanzika zvose izvi, Mwari vakavimbisa kuti paizova naErisha wechokwadi achasimuka, mumwe murume akazodzwa neMweya iwoyo, uye zvaizozarura. Vakazvivimbisa muna Maraki 4. Uye ndine zvinyorwa netsamba dzinotaura kuti handizvo, asi ndinoda kutaura nemunhu iyeye. Maona? Zvinoka, hamugone kuzviramba. Chero mudzidzi webhaibheri, akanaka anoziva kuti ichi iChokwadi, kuti vari kuzvitarisira.

127 Asi zvingori nenzira imwe chete seyazvakauya naJohane, mutungamiri wenguva yokutanga yaKristu. Handiti, havana kumucherechedza, nokuti paiva nezvinhu zvikuru

zvakaporofitwa pamusoro pake. Handiti, aifanirwa "kuita kuti nzvimbo dzese dzakakwirira dziderere, nenzvimbo dzose dzakaderera dzikwirire, nzvimbo dzese dzakakwasharara dzive dzakatsetseka." Uye, oo, iye . . . Vaporofita: Isaya, makore 712 asati azvarwa; naMaraki, makore 400 asati auya panzvimbo; vose ivavo vakaporofita nezvake. Zvino vaitarisira imwe koridho yeKudenga kuti idzikiswe pasi, zvino muporofita uyu obuda panze chaipo aine tsvimbo yake muruoko rwake, achibva kuna Mwari.

128 Manje chii chakaitika? Murume wekuti iwe . . . haaikwanisa kana kuratidza kadhi reruwadzano. Haaikwanisa kuratidza kana gwaro redzidzo. Aigara kunze murenje; asina kana nedzidzo yechikoro chepuraimari. Tinoudzwa, nevanyori venhoroondo, kuti akaenda kurenje paakanga ava nemakore 9, mushure mekufa kwababa namai vake. Uye akakudzwa . . . Basa rake rakanga rakanyanyisa kukosha, kuti arivhiringidze neimwewo seminari. Aifanirwa—aifanirwa kuzozivisa Mesiya.

129 Mwari havaigona kushandisa munhu akazadzwa nedzidziso yebhaibheri. Havakwanise kuzviita, nekuti anogara achidzokera kumashure chaiko. Ndiyo nzira yake yekudzidza. Anodzokera shure kune izvozvo. Saka, anoenda kunoona chimwe chinhu, anoedza kudzokera kune zvakanga zvataurwa nevadzidzisi. Zvaive nani kuti ugarire kure nezvinhu izvozvo, uye wongotenda Mwari.

130 Uye tinoona kuti vakamupotsa. Kunyange vaapostora vakanga vakamirapo, vakamupotsa. Handiti, vakati, "Sei Rugwaro rwuchiti, vanyori, vanoti Eria . . . "

131 Iye ndokuti, "Manje, akatouya kare, uye imi hamuna kumuziva."

132 Zvino ndipo pandinofananidzira rumuko, kana Kubvutwa. Kuchaitika, uye ivo vacha . . . Ndinoziva kuti zvinonzwika sezvisingaitike. Asi zvichida muchaziva zvimwezve zvishoma mushure memanheru ano, kana Ishe vachitendera, chaizvo zvazvichazova, munoona. Zvichava zvakanyanya kuvanzika, hapana achaziva nezvazvo, kana. Nyika ichangofunga, ichingoenderera mberi sezvayagara ichingoita, munoona, uye kungo . . . Ndiyo nzira yaVanogara vachizviita nayo.

133 Munoziva, handifunge kana mumwe—mumwe . . . Ndinoti, chikamu chidukusa kwazvo chevanhu panyika, chakamboziva kuti Jesu Kristu aivepo paAkanga ari pano. Munoziva here, Eria paakaporofita, handifunge kana paive naani zvake akaziva kuti ndiye aiva . . . Vaiziva kuti kwaiva nemupengo kumusoro uko, mumwe mupengereki wekare, asi vaimuvenga. Chokwadi. Aiva zvavaiti munhu asinganzwisisike.

134 Uye ndinofunga, chero Mukristu zvake akazvarwa patsva anoita seasinganzwisisike, ku—kunyika, nekuti iwe wakashandurwa. Uri wekune imwe nyika. Mweya wako

unobva mhiri kwemukaha. Uye chinhu ichi pano chinhu chakakanganisika kwazvo, iwe—iwe kana usina kusiyana, pane chinhu chakatsveyama; iwe, uchakanyanyisa kubatwa nenyika. Unofanira kuva nemufungo weKudenga. Uye Denga rinorarama neShoko.

135 Zvino, tinocherechedza kuti chinhu chikuru ichi—ichi chakaitika. Zvino, tinotenda kuti pachava nekuuya kweMweya waErisha wechokwadi. Wakafanotaurwa kuti uchauya, munoona. Uye tinofanira kurangarira kuti uchange uri pano, mumwaka wawo nenguva yawo. Tinogona kunge tiri kuuisira nheyo zvino. Uye iwo kwete . . . hauzova kana sangano.

136 Ini—ini handibvumirani neimwe shamwari yangu yakanaka, pane izvozvo. Anoti richava boka revanhu. Ndinoda kuti mundiratidze izvozvo neMagwaro. Mwari, Mwari vasingashanduki, havafe vakashandura zvirongwa zvaVo. Kana vakadaro, saka haVasi Mwari; ndizvozvo, nokutika iVo munhu anofa, uye Vanoziva sezvandinongoita, uye Vanokanganisa.

137 Mwari havana kumbobvira vakashandura hurongwa hwaVo, kubva panguva chaiyo mubindu reEdheni. Vakaita hurongwa hwerudzikinuro; iri raiva Ropa. Zvino takaedza dzidzo. Takaedza hudzvanyiriri. Takaedza zvekushandisa pfungwa. Takaedza zvemasangano. Takaedza zvose, kusundira munhu wose pamwe chete, kana kuda munhu wose pamwe chete, nezvimwe zvose. Hapana imwe nzvimbo yekuyanana kunze kwepasi peRopa, zvakadaro, nzvimbo yoga iyo Mwari vanosangana nemunhu.

138 Mwari vagara vanoshanda nemunhu 1. Vanhu 2 vane pfungwa 2. Hakuna kumbobvira kwakava nevaporofita vakuru 2 panyika, vachiporofita panguva imwe chete. Tarisai kumashure muone kana vaivepo. Kwete, changamire. Zvakanyanya kuvhiringidzika! Vanofanira kuwana munhu 1 akanyatsozvipira zvizere, uye voshandisa munhu iyeye. Vanotsvaga munhu iyeye.

139 Asi pachava nomumwe, imwe nguva, mumwe munhu achaVateerera, Shoko neShoko. Handina basa nezvinotaurwa nemumwewo munhu, havafe vakasuduruka kubva kwaRiri. Ndizvozvo. Vanomirira pana ZVANZI NAJEHOVHA. Uye, ipapo, havazofambi kusvika ipapo. Achange akanyatsosimbiswa chaizvo. Ucha . . .

140 Zvino, nyika yekunze ichazvivenga, asi Mbeu yakasanangurwa, Mbeu yakafanotemerwa, seyakanga iripo mumazuva aJesu, kana Chiedza ichocho chavheneka, Mbeu iyoyo inouya kuHupenyu sa*izvozvo*. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] VachaChiziva. VachaChinzwisisa. Haufanirwe kutombotaura kana shoko rimwe chete pamusoro paCho.

141 Akati, "Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita. Ndinoziva kana Mesiya auya, Anofanirwa . . . "

Akati, “Ndini Iye.”

142 Vakomana, izvozvo, zvakanga zvakakwana. Aisada kuti amirire husiku hwese, uye omirira husiku hwaitevera hwacho. Akava naZvo ipapo chaipo. Akanga ari munzira yake. Akanga achivaudza pamusoro paZvo.

143 Zvino rangarirai, zvino, muzera rekutanga raive zera reshumba. Ndiyo yakanga iri Shumba yerudzi rwaJudha, Kristu. Runziro yaKe pachaKe yeHupenyu, yakatora zera iroro. Ndicho *Chipuka* chekutanga, zvinoreva “Simba,” icho chakapindura nenzwi remunhu.

144 Zera raitevera raiva zera renzombe, kana zera remutasvi webhiza dema. Maona?

145 Zvino, chikonzero zera rekutanga iri raiva zera jena, chaiva chekuti . . . Se—sezvandakagara ndichinzwa vanhu vachitaura kuti mutasvi wekutanga uyu, wejena, aiva simba rechechi, akaenda akanokunda. Zvino takaona kuti akapiwa korona, zvekuti ndizvo zvayaiva. Yaiva chechi. Yaiva chechi, asi akaenda kupi? Akaenda kuRoma. Ndiko kwaakadaro. Akagamuchira korona yake.

146 Zvino, zera rechi 2 raiva—raiva mutasvi webhiza dzvuku, raiva zera rerima.

147 Saka zvino—zvino, zera ra—raitevera, raiva mu—munhu, wezera raive mutasvi webhiza dema. Uye akanga ari zera revavandudzi, munoona, apo i—Inzwi rakataura. Zvino, mutasvi webhiza dema, aive antikristu. Asi Uyo aitaura muzera iroro aive akamiririrwa semunhu, uye ndihwo huchenjeri, hungwaru, kutesva njere. Maona? Uye havana kuzviwana, munoona. Havana kudana . . . Havana kumutumidza zita. Maona? Vakangoti rakaenda.

148 Asi zvino, panouya zera rechapungu, ndicho chacho chino . . . Mwari vanogara vachifananidza vaporofita vaVo nezvapungu. Vanozvidana pachaVo kuti chapungu. Chapungu chinoenda mudenga-denga, hapana chimwe chinogona kuchibata. Hachisi kumusoro ikoko chete, asi chakagadzirirwa nzvimbo iyoyo. Pachinosvika kumusoro ikoko, chinogona kuona kwachiri. Vamwe vanhu vanokwira kumusoro ikoko uye votadza kuona kuti vari kupi, saka hapana zvazvinobatsira kuenda kumusoro ikoko. Asi kana iwe . . .

149 Asi ukarega gunguwo richiedza kubhururuka pamwe nechapungu, kana rukodzi, chero chimwe chazvo, chinobva chabvaruka-bvaruka. Chinofanira kunge chakavhutirwa simba rekwachinozofanira kuti chiende.

150 Ndiro dambudziko nhasi, vamwe vedu hativhutirwe simba. Tinoputika nekukurumidza chaiko, munoona, patinenge tichisvetuka. Uye, asi, tinofanira kuvhutirwa simba.

151 Kana wasvika kumusoro ikoko, wova nemaonero akapinza echapungu, kuona zviri kuuya, uye nekuziva zvekuita. Zvino, zera rechapungu rakaZvizarura. Zvino tinoona kuti, zera iroro rechapungu rakavimbiswa muna Zvakazarurwa 10:7 uye nemuna Maraki . . .:1, 4. Zvaizova mumazuva ekupedzisira, munoona, ndizvozvo, kuti zvichange zviri pano. Zvakanaka. Cherechedzai.

152 Zvino, muchinda uyu, tinoona kuti akatasva bhiza pfumbu. Pfumbu! Oo, ini zvangu! Mushure, cherechedzai mushure . . .

153 "MaProtestanti 68,000,000," sezvatakatora kubva—kubva mu*Glorious Reform* raSchmucker, re—renhoroondo yeRoma yevakafira chitendero, manheru apfuura. Tinoona kuti, kusvika pana 1500, ndinotenda ndizvo, kana eighteen-. . . Handichanyatsorangariri zvino. Asi vaive 68,000,000 vakauraiwa, nekupikisa chechi yekutanga yeRoma, Roma. Ndosaka, aikwanisa kuzvitevedzera pachake ari muzita remunhu rokuti . . . uye rinonzi Rufu. Zvechokwadi aiva.

154 Zvino, Mwari voga ndivo vanoziva kuti vangani vaakakonzera kuti vafe pamweya, nedzidziso yake yeShoko inopesana, neBhaibheri! Ndiye uyo akabaya 68,000,000 nemunondo, ndokuvauraya. Uye zvichida, chaizvoizvo, mabhiriyoni akafa pamweya, padzidziso yake yenhema. Ndosaka aigona kutora zita rekuti Rufu!

155 Munoona mutasvi? Nzvimbo yekutanga, saantikristu, aive rufu, pakutanga kwacho; asi panguva iyoyo akanga asina mhaka. Akabva azogamuchira korona, iri muhutatu; zvino paakadaro, akabva abatanidza, Satani akabatanidza chechi yake nehurumende, nokuti akanga ari pamusoro pazvo zvose ipapo. Antikristu aiva Satani, ari muchimiro chemunhu.

156 Uyezve, zvakare, Mutsvene Mateo, ndinotenda kuti ndiyo, chitsauko 4, inotiudza izvozvo—izvozvo. Satani akatora Jesu, Ishe wedu, kumusoro, ndokuMuratidza humambo hwenyika, hwose zvawo, muchinguva chimwe, uye nekubwinya kwahwo, akada kuhupa kwaAri. Uye akati . . . Ihwo, hwakanga huri hwake.

157 Saka, munoona, zvino, kana achigona kubatanidza nyika yake nechechi yake pamwe chete, sakazve mutasvi webhiza dzvuku aigona kutasva, zvechokwadi chaizvo. Maona? Zvirokwazvo! Zvino, ipapo, tinoona chakavanzika chake pano, muchechi yake nehurumende.

158 Danho rechina reshumiro yake, anonzi chikara. Kutanga anonzi antikristu, munoona; obva azonzi muporofita wenhema; uye anonzi chikara. Zvino tinomuwana pano achinzi chikara. Zvino, ndinoda kuti mucherechedze, ndeumo mushure mebhiza rechi 4.

159 Uye mubhiza rechi 4 iri, kana mukacherechedza, ose . . . Rokutanga rakanga riri jena; uyezve rinotevera raive dzvuku;

uye rinotevera raiva dema; uye rechi 4 iri, mamwe 3 ose aya aive akamiririrwa mariri; nokuti, pfumbu idzvuku ne—nejena, uye saka, zvakasanganiswa pamwe chete. Maona? Iye . . . Zvose zva—zvaive zvakasanganiswa mubhiza 1 iri. Maona? Uye ipapo anova 4, kana kuti, chaizvoizvo, 3 mune 1. Uye ose akanga akasanganiswa muchinhu 1 ichi.

160 Zvino ndinoda kuti mucherechedze ose ari 4. Cherechedzai ruvara rwusina kukwana, rwe 4, pamasvomhu epamweya. Mwari vari muhutatu. Apa aripo 4. Ari mune 4, pano. Kekutanga, antikristu, jena; kechi 2, muporofita wenhema, dzvuku; kechi 3, mumirириri wematenga nenyika uye—uye nepurigatorio, dema; kechi 4, chikara, bhiza pfumbu, Satani achidzingwa kubva Kudenga. Munoda here kuzviverenga? Zvakazarurwa 12:13, Satani achidzingwa kubva Kudenga. Zvino muna Zvakazarurwa 13:1, 8, anove munyama mumunhu ari chikara.

161 Anotanga iye ari antikristu, ingo—ingori dzidziso inonzi chiNikoraiti; zvadaro obva ava, kubva ipapo, ova muporofita wenhema. Kana ari antikristu, antikristu *anopikisa.* Chinhu chose chinopesana neShoko raMwari chinopesana naMwari, nokuti Shoko ndiMwari. "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, zvino Shoko rakazova nyama, Kristu, ndokugara pakati pedu." Uye zvino anopesana neShoko, saka anobva ava antikristu. Asi mweya haugoni kupfekedzwa korona; ndicho chikonzero asina kugamuchira korona. Ungori uta chete, usina miseve.

162 Uye zvakare paanouya, nguva yekupfekedzwa korona, anobva ava muporofita wenhema wedzidziso yake yaantikristu. Mazvibata here? Zvino anobva atora munondo, nekuti anobatanidza masimba ake pamwe chete, saka haazosungirwa kubvunza chero munhu. Ndiye gavhuna wenyika; ndiye gavhuna weDenga. Anogamuchira korona iri muhutatu. Anozvigadzirira pfungwa inonzi "purigatorio." Uko, kana—kana vamwe vavo vakafa kumashure uko, uye vaine mari, vachida kuvabhadharira kuti vabude, aigona kuvanamatira kuti vabude mariri. Nokuti, ane simba rokuzviita; iye *mumirириri.* Zvirokwazvo, ndizvo zvaari. "Anotora nzvimbo yaMwari, panyika." Ndokunge izvi zvisiri zvakajeka sechero chii zvacho!

163 Tinozviwana, tozvidhonzera pasi, nemuBhaibheri, toverenga nhamba dzake nezvimwe zvose. Houno ari pano . . . ? . . . adzoka chaipo muna nhamba 4, kwete nhamba 3. Nhamba 4, munoona.

164 Zvino ngativhurei, Zvakazarurwa 12. Ngatingoverengai izvi zvishoma chete, nokuti isu—isu tichava nenguva yekuzviita. Uye ngativerengei Zvakazarurwa chi—chitsauko 12 uye ndima 13. "Zvino nenguva iyoyo kwakava nekudengendeka kwenyika kukuru . . . " Kwete, ndatora—ndatora nzvimbo isiri iyo. Yechi 13:

Zvino *shato yakati yaona kuti* yakanga *yakandirwa* kunze mu*nyika,* yakatambudza *mukadzi akazvara mwana womukomana.*

165 Zvino, munoona, akakandirwa kunze, kwepanyika, uye ndokuva munyama, semweya waantikristu unova munyama yemunhu. Murume iyeye anoshanduka kubva kune chimwe chinhu kuenda kune chimwe, kubva kumweya waantikristu kuva muporofita wenhema, zvino ipapo chikara chinopinda maari.

166 Sekungokura chaiko kunoita Chechi; chechi yake yakabva—kubva kuva antikristu ndokuve muporofita wenhema, uye, muzera guru rinouya, chikara chichazosimuka. Saka, Chechi inouya nenzira imwe chete, kubudikidza nekururamiswa, kucheneswa, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ndiKristu ari muvanhu, zvimwe chete chaizvo. Uye ane chinofananidzirwa chaZvo uko, iwo . . . munoona, mufananidzo waZvo, waro. Hapo paari, chaizvoizvo. Ndiye wacho. Akadzingwa kubva Kudenga.

167 Zvino tinoona, muna Zvakazarurwa 13:1 kusvika 8.

Zvino ndakamira pajecha regungwa, ndikaona *chikara chichikwira . . .*

168 Zvino, heino 12, kwaakadzingirwa kunze. Zvino tarisai.

. . . ndakaona chikara chichikwira chichibva mugungwa, chine nyanga 10 nemisoro 7, napamusoro penyanga dzacho pakanga pane korona 10, napamusoro wacho zita rokumhura.

Zvino *chikara chandakaona chakanga chakaita seingwe, netsoka dzacho . . .*

169 Oo, dai tanga tiine nguva zvino, taizotora husiku hwese, pazviratidzo izvozvo chaizvo ipapo, uye toratidza, tozviunza chaiko zvakananga kwaari zvakare. Chero, vazhinji venyu mose munozviziva, kubva kune zvimwe zvidzidzo.

. . . dzaive . . . *tsoka dzebere, nomuromo wacho . . . muromo weshumba:* zvino *shato* yakachipa *simba rayo, . . . chigaro,* ne . . . *masimba makuru.*

170 Huh! Satani ari munyama! Maona?

Zvino ndakaona *mumwe* wemisoro yacho *so . . . wakakuvadzwa kusvikira parufu; . . .*

171 Uye zvichiramba zvichidzika, tichienda, kana muchida henyu, kana mawana mukana wekupfuurira kuverenga muchidzika. Kwete, ngati—ngativerengei zvishomanani chete.

Zvino ndakaona *mumwe* wemisoro yacho sokunge waiva *wakakuvadzwa . . . rufu;* uye ronda racho *raifanira kuuraya rakanga rapora:* uye *nyika yose ikashamiswa* ne*chikara.*

172 Chingotarisai! Musambofa makatarisa communism. Hapana zvairi kunze kwechekushandisa, chiri kutambira hacho mumaoko aMwari, kukubatsirai rimwe zuva kuti muwane, "kutsiva ropa," sezvatichawana mangwana manheru. Maona?

Zvino *vakanamata shato* . . .

173 Shato yaive ani? Satani. Ndizvo here? "Shato tsvuku." Zvakanaka.

. . . *yakapa* simba ku*chikara* (kwachinowana simba racho, munoona): zvino *vakanamata chikara, vachiti, Ndianiko akafanana nechikara? ndianiko anogona kurwa nacho?*

Ipapo chakapiwa muromo unotaura mashoko makuru ekumhura; uye *simba* rikapihwa kwachiri *kuti* chipfuurire mberi kwe*mwedzi 42*.

Zvino *chakashamisa muromo wacho kuti chimhure Mwari,* (Hezvoka izvo, munoona. Zvakanaka.) . . . *kumhura zita rake,* (kumupa dunhurirwa) . . . *tabhenakeri yake* (inova hugaro hweMweya Mutsvene), . . .

174 Kuiita nzvimbo muRoma, Guta reVatican. Munogona kungoramba henyu muchienda muchidzika:

. . . *naivowo vanogara kudenga.*

175 Vakavamhura, nekutaura kuti vaiva varevereri.

Zvino zv*akapiwa* kwachiri *kuti chirwe navatsvene* (uye chakazviita), *nokuvakunda* (chakazviita): . . .

176 Chakavapisa pamatanda! Chikavadyisa neshumba! Uye chikavauraya nechero nzira yachaigona!

. . . uye simba rikapihwa kwachiri *pamusoro pamarudzi ose,* . . . *ndimi, nendudzi dzose.*

177 Hachina kumbobvira chakava nenzira iyoyo muRoma kusvikira Roma yechihedheni yashandurwa kuita Roma yanapapa, simba rechiKatorike ndokupararira pasi rose, rikaita chechi yechiKatorike yepasi rose.

Zvino vose vanogara panyika vachachinamata, ivo vane mazita asina kunyorwa *mubhuku* . . .

178 "Usabata Mafuta aNgu newaini!" Maona?

Uye *vose vanogara panyika vachachinamata, ivo* vane mazita asina kunyorwa *mubhuku* rehupenyu re*Gwayana rakabayiwa kubva* pamavambo e*nyika.*

Kana chero munhu upi zvake aine *nzeve, ngaanzwe.*

Uyo anotungamirira muhutapwa achapinda muhutapwa: uyo anouraya *nomunondo anofanira kuuraiwa nomunondo.* Hekuno *kutsungirira ne* . . . *kutenda kwavatsvene.*

179 Zvino, takava naye achiuya, manheru apfuura, aine munondo wake mukuru, kuzouraya.

180 Tinoona kuti anouraiwa nemunondo, zvakare, munondo weShoko. Shoko raMwari, munondo unopinza, unocheka nekumativi maviri, rinomuuraya, rinomuwisira pasi chaipo. Mirirai kusvikira Mitinhiro Minomwe yataura manzwi aYo kuboka iroro rinogona chaizvoizvo kutora Shoko raMwari nokunyatsoRiisa ipapo, Richavedzenga nekucheka. Uye vanogona kuvhara matenga. Vanogona kuvhara *ichi*, kana kuita *icho*, chero chavanoda. Kubwinya! Achauraiwa neShoko rinobuda mumuromo maKe, rakapinza kupfuura munondo unocheka nemativi maviri. Vanogona kudaidza matani mabhiriyoni 100 enhunzi kana vachida zvavo. Ameni. Chero chii chavanotaura, chichaitika, nokuti IShoko raMwari rinobva mumuromo waMwari. Hongu. Ameni. Mwari, nguva dzose, IShoko raVo, asi Vanogara vachishandisa munhu kuRishanda.

181 Mwari vanogona kunge vakadaidza nhunzi idzodzo, zasi uko muEgipita, asika Vakati, "Mosesi, iroro ibasa rako. Ndichangokuudza zvekuita, uye iwe enda unozviita." Akaita izvozvo zvizere. Maona? Va—Vaigona kunge vakasarudza zu—zuva kuti ridzidane, Vaigona kuita kuti mwedzi udzidane, kana kuti mhepo idzidane. Asi, iVo—iVo vakati, "Mosesi." Ndiro—ndiro . . . Vanosarudza munhu. Zvakanaka.

182 Zvino tinoona pano, kuti Satani uyu, mushure mekudzingwa kubva Kudenga, anozviisa pachake munyama muchikara. Uye zvino ava chikara; antikristu, muporofita wenhema, uye zvino chikara. Uye akapihwa zita rekuti Rufu! Uye Gehena rinomutevera! Satani akazara, ari pachigaro chake chehumambo! Oo, ini zvangu! Panyika, ndiye Satani, mumiririri, pasi pano, kuti iye zvino ndiye musoro wehumambo hwepasi rose, humambo humwe chetehwo hwaakada kupa kuna Ishe Jesu muna Mateo 4. Satani zvino anova mambo akazara.

183 Zvino, izvi zvinoitika pamberi apo. Iye muporofita wenhema zvino. Achazova chikara, mushure mechinguva, paachaputsa sungano yake ipapo namaJudha. Munoziva sei isu . . . Zvakanaka, cherechedzai zvino, achapihwa moyo wechikara, panguva iyoyo, zvino Satani achazviisa munyama pachake. Nokuti, kana Chechi yaenda kumusoro, Satani anodzingirwa kunze. Maona? Maona? Zvatopera, zvino, ndizvo, kupomera kwake kwose kwapera. Maona? Zvino, chero bedzi . . .

184 Tarisai, chero bedzi Murevereri achiri paChigaro chehushe, Satani anogona kumira ipapo achipomera, nekuti ndiye gweta werumwe rutivi. Ndiye anopikisa Kristu. Uye Kristu ndiye . . . Akamira ipapo, mu—mu—mukwikwidzani akamira ipapo, achiti, "Asi, mirai! Adhamu akawa! Adhamu akaita *izvi*! Ndakamukunda. Ndakaita kuti mudzimai wake atende nhema. Uye Makati achatongwa nazvo. Ndinazvo!"

185 Asi heuno Murevereri amire ipapo, ameni, Mudzikinuri weHama, ameni, anomira ipapo neRopa rinogona kutora mwoyo wemutadzi akashatisisa zvino oushandura. Murevereri ari paChigaro chehushe. Hongu, changamire.

Satani akati, "Asi vane mhosva!"

Iye anogona kuti, "Havana."

186 Clorox iya yakavambwa, kana kugadzirwa, kuti ibvise gwapa, kubvisa ruvara kubva muingi kana rimwewo gwapa. Vanayo. Inoipamura-pamura kusvikira usisakwanise kuiwana zvakare. Inodzokera kumweya, uye nzira yese kudzokera kuchiedza chemuchadenga. Uye ichipfuura kuva mamorekuru nezvimwe zvose, kusvikira yashanduka kuva sepamavambo kwayakabva. Chisikwa. Chaka . . . Chisikwa, chaifanira kubva kune Musiki. Asi mishonga yese yakagadzirwa yakaiswa pamwe chete, yakapararana, uye ndizvo zvoga zviripo kwairi. Hapasisina kana chii chayo. Kunyangwe yacho chaiyo—yacho chaiyo mvura yezvairi, inovhengana neClorox, anova madota.

187 Ameni! Mwari ngaVarumbidzwe! Zvose zvakachena. Ndizvo zvinoita Ropa raJesu Kristu kumwana waMwari wechokwadi, kana akareurura chivi ichocho uye omira ipapo, akaruramiswa mune raKe . . . Veduwee! Nhai vedu! Kunyangwe zvakakura kwazvo zvekuti Mwari vakati, "Handichagoni kuzvirangarira zvachose. Uye iye mwanakomana waNgu zvirokwazvo."

188 "Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana ukati kugomo iri 'ibvapo,' uye usingapokane mumoyo mako, asi uchitenda mune zvawataura, iwe . . . zvichaitika. Unogona kuva nazvo zvawataura kuti zvichavapo." Uri mwanakomana akadzikinurwa. Ameni! Ndinoziva kuti ichokwadi.

189 Ndakaona tsindi dzichioneka ikoko, panguva 6 dzakasiyana, dzandakaziva, uye zvakangofanana nekuva takagara pano. Vakangoita se . . . Vanokwanisa kusika tsindi zvimwe chete sezvaVanogona kusika nhunzi, kana matatya, kana chero chimwewo chinhu. Ivo, ndiVo Mwari, Musiki. Ndizvozvo! Uye apo pasina munhu anofa . . .

190 Asi kana chivi ichocho cheanofa uyu chareururwa uye chadonhedzerwa muClorox iyoyo, yejiki yaJesu Kristu, Inotsakatisa chivi chese. Haana kusvibiswa zvachose, haachisina chivi, haachisina mhaka. "Uyo akaberekwa naMwari haaite chivi, nokuti haagone kutadza." Jiki inomira pakati pake naMwari. Ko chaizosvika sei ikoko, iyo inochipamura-pamura nekuchidzosera chaiko kune uyo akachitsveyamisa! Ameni!

191 Fiyuu! Ndinonzwa manyukunyuku ekunamata. Ndi—ndinokuudzai, ndinonzwa kutekenyedzwa zvino pazvinotanga kuzaruka.

192 Cherechedzai, Satani zvizere, ari pachigaro chake chehushe. Hongu, changamire. Akada kuhupa kuna Mwari, akada kuhupa

kuna Ishe wedu. Heunoi uyu, agere pano, nemoyo wechikara uyu uri maari. Zvino, heuno munhu wacho, chikara, dhiyabhore ari munyama. Anoita kuoneka kwake pano panyika, ari pasi pekunyepedzera kwenhema. Oo, ini zvangu, nhai veduwee! Pasi pekunyepedzera kwenhema kweShoko rechokwadi, anozvibatanidza neShoko.

193 Akangoita zvimwe chetezvo zvakaitwa nemufananidzo wake—wake, aiva Judhasi, makore 2,000 akapfuura. Akaitei? Judhasi akapinda, semutendi, ari dhiyabhore kubva pamavambo. "Akazvarwa ari mwanakomana wekurasika." Haana chinhu chaakagona kunyengera Jesu, nokuti Aimuziva kubva kumavambo chaiko; ameni, nekuti Akanga ari Shoko. Zvakanaka. Uye, rangarirai, Judhasi akatora chinzvimbo semubati wehomwe, ndokuwa nekuda kwemari.

194 Ndizvo zvinoitawo chechi yanhasi uno! Chechi yechiKatorike, sezvatakacherechedza manheru apfuura, ichibhadharisa manovhena, ichibhadharisa minamato, uye ichibhadharisa zvese. Zvakangoda kufanana, uye ndokuwa chinhu chimwe chetecho kuvanasikana vechechi yeKatorike, vaiva maProtestanti. Nyaya yacho yese iri pamari apa. Ndipo pacho pakakundikira Judhasi, uye pano ndipo paakakundikira, uye ipapo ndipo panokundikira maProtestanti.

195 Tarisai, anotasva bhiza pfumbu paanoonekwa ari pakutasva kwake, kutasva kwekupedzisira uku. Ari pane kwake kwekupedzisira zvino. Zvino, izvozvo hazvisi muzuva redu. Zvichave zasi kumberi uko. Ndicho Chisimbiso, chakafanotaurwa. Nokuti, munoona, Chechi yatova kumusoro kare izvi pazvinoitika. Kristu paanoonekwa pano panyika, se—se—se . . . Muchinda uyu anooneka, uye anova muhuzaro, dhiyabhore akakwana; kubva pakuva antikristu, nzira yose zvichidzika, nemumuporofita wenhema, ochizobva apinda mune chikara, dhiyabhore pachake. Uye akatasva bhiza pfumbu, rine mavara ose, uye rakavhenganiswa nemarudzi ose emavara, kuriita pfumbu uye riine rufu.

196 Asi Ishe vedu pavachaonekwa pano panyika, Vachange vakatasva bhiza rakachena sechando. Uye Achange ari Emanueri, akakwana, azere, Shoko raMwari riri munyama muMunhu. Maona? Ndiko kungosiyana kwacho kuripo kuri mavari. Ndiwo musiyano wavo.

197 Cherechedzai, antikristu ari pabhiza pfumbu, mavara akavhengana. Bhiza chipuka chinomiririra simba. Simba rake rose rakavhengana. Sei? Ndizvo zvematongerwo enyika, ndiwo—ndiwo masimba enyika, ndiwo masimba echinamato, ndiwo masimba emadhimoni. Imhando dzose dzemasimba dzakavhenganiswa pamwe chete, raive bhiza rakavhenganiswa, pfumbu. Rine mhando dzose dzemasimba.

198 Asi Jesu paanouya, zviri pabhiza rine ruvara rwumwe rese haro, Shoko. Ameni!

199 Uyu anosanganisa mavara ake, anova dzvuku, jena, dema; mavara 3 mune 1, anomiririrwa mune 1. Uye masimba 3 anomiririrwa mune 1; bhiza jena, bhiza dema, bhiza dzvuku. Uye korona 3, mune 1. Maona? Chokwadi.

200 Ndakaona korona yacho, ini pachangu; ndakamira, oo, pedyo se*kudai* ndokuitarisa. Vaisanditendera kuti ndisvike pairi, nekuda kwegirazi, raive pairi. Saka hapo payaive, nekiyi hombe pairi, yakagara muchikesi: korona iri muhutatu. Saka ndinoziva kuti ichokwadi. Uh-huh. Saka hapo payaive, korona iri muhutatu, mumiriririri: denga, purigatorio, nenyika.

201 Masimba 3 akabatanidzwa pamwe chete, munoona, ose akavhenganiswa mune ruvara, rupfumbu. Rufu rwakataura muchinhu chacho chose; zvematongerwo enyika, uye—uye zvezvinamato, ne—nemasimba emadhimoni, zvakasanganiswa pamwe chete. Zvematongerwo enyika, ndiye mambo wezvematongerwo enyika, Satani ndiye ari. Akangwara! Fiyuu! Chokwadi. Usaedza kumukunda nepfungwa. Ingo—ingovimba naShe. Ndizvo zvoga.

202 Sezvandakaita, zvese, ndakapfuura nemazviri kumashure. Vese vakangwara, vane dzidzo nezvimwe zvakadaro, vanobva kudivi risiri iro. Ingozvironda uchidzika nemuMagwaro, woona kuti ndizvo here. Ronda vana vaKaini zvino ugoona zvavakazova. Zvino ronda vana vaSeti, uone zvavaiva. Kwete sekuti ndiri kutsigira kusafunda, kwete zvachose. Kwete, changamire. Asi tora chero vanhu, kashoma, vemuBhaibheri, kashoma kwazvo . . .

203 Zvino pane mumwe anonzi Pauro, aiva murume akangwara, uye akati akatozokanganwa zvose zvaaiziva, kuti azive Kristu. Akati, "handina kumbouya kwamuri nemashoko anonyengera ehuchenjeri hwevanhu, asi ndakauya kwamuri muSimba rerumuko rwaKristu." Ndizvozvo chaizvo, Simba reMweya Mutsvene!

204 Tarisai vamwe. Vamwe vavo vaisatomboziva kuti rudyi kana ruoko rwekuruboshwe nderwupi. Uye—uye, oo, tarisai zvichidzika nemuzera revaporofita, nekwavakabva, nezvimwe zvakadaro. Munoona zvandiri kureva?

205 Munoona, hungwaru, kutesva njere, nehuchenjeri. Huchenjeri ndicho chinhu chaicho chinokuendesa kure naMwari.

206 Akanga ane masimba 3, kana kuti hutongi 3—3: nyika, Denga, nepurigatorio.

207 Iye anotova, hutatu, pachake. Ndizvo zvaakaumbwa nazvo. Uye anotasva ari muhutatu. Simba rake riri muhutatu. Korona yake iri muhutatu. Bhiza rake riri muhutatu. Ndizvo zvaari,

hutatu; simba rehutatu, korona yehutatu, bhiza (kutasva) riri muhutatu; ndiwo emahofisi, 4 zvakare, munoona, 4 zvakare. Zvakanaka.

208 Matanho 3 eshumiro yake, anomuita munhu 1, Satani munyama. Matanho 3 eshumi-. . . antikristu, muporofita wenhema, nechikara. Iwo 3, achifananidzira, munoona. Zvino pane mhando 3, zvino, ipapo dzinomuita.

209 Mwari, Mwari vanoZvizivisawo, zvakare, mumvura, Ropa, Mweya; zvinoita Mukristu ave mwanakomana waMwari, neShoko raMwari. Maona? Zvino masimba 3 *aya* anomuita dhiyabhore. Maona? Oo, Iyi pano, imvura, Ropa, neMweya, zvinova zvaMwari. Zvino *ndizvo* zvematongerwo enyika, chinamato, nesimba remadhimoni, zvakasanganiswa pamwe chete, zvinomuita dhiyabhore.

210 Kuuya kwaKristu kwekutanga, ari munhu anofa. Anouya ka 3. Kristu ari muhutatu. Maona? (Tarirai kuti anouya sei; ndiye 4 ava.) Tarisai Kristu. Kuuya kwekutanga, Akauya ari munhu anofa, kuzojuja ropa nekufa. Ndizvo here? Ndiko kuuya kwaKe kwekutanga. Kuuya kwechi 2 ndiko Kubvutwa; tinosangana naYe mumatenga, asingafe. Kuuya kwaKe kwechi 3, NdiMwari munyama. Ameni! Mwari, Emanueri, kuti atonge panyika! Ndizvozvo, 3 bedzi.

211 Danho rechi 4 remutasvi, tarisai. Danho rechi 4 remutasvi uyu rinonzi Rufu. *Rufu* zvinoreva "Kupatsanurwa kubva pana Mwari Nekusingaperi." Ndizvo zvinoreva rufu, kuva wakapatsanurwa kubva pana Mwari Nekusingaperi.

212 Zvino, kana taisa muchinda uyu pachena, kirasi, kana taratidza neBhaibheri, kuti muchinda uyu ndiani; uye tikatotora zvikomo, nzvimbo nekwese, kunyatsodonongodza, zvichienda zvichidzika. Uye zvino iye anodaidzwa, nechapungu kuti, "Rufu." Ndizvo zvaAnomudana. Rangarirai, pano, munoona, rufu kupatsanurwa Nokusingaperi.

213 Rangarirai, vatsvene havafi. Vanovata, havafi. "Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi." Ndizvozvo chaizvo. "Haangapindi mukutongwa; abva murufu achipinda muHupenyu. Ndini Rumuko neHupenyu," akadaro Jesu. "Uyo anotenda maNdiri, kunyangwe akafa, asi achararama. Uye ani naani anorarama uye achitenda maNdiri haangatongofi." Razaro, akafa here? "Avete."

214 "Musatya, musikana haana kufa, asi avete." VakaMuseka zvekunyomba. Ndizvo here? Oo, ini zvangu! Munoona, vatsvene havafi.

215 Kupatsanurwa pana Mwari rufu, rufu Rwekusingaperi. Zvino muchinda uyu anonzi "Rufu," saka garirai kure naye. Iye chii? Hurongwa hwemasangano, hwakarongwa; yekutanga,

chechi, yakatanga, kuita sangano, uye paakatora pfu—pfungwa dzaConstantine, paKanzuru yeNicaea.

216 Takaunza madzimai aya, manheru apfuura, uye tikaratidza kuti Evha, mwenga wekutanga, murume wake asati atombosvika kwaari, akawa, nekusatenda Shoko raMwari muEdheni. Mwenga wepamweya wakazvarwa neZuva rePentekosti waKristu, asati Asvika kwauri, chii chakaitika? Akawa, paRoma. Chii? Akarasikirwa nesimba rake reShoko, nekuda kwedzidziso yechinamato. Ameni. Oo, ini zvangu!

217 Ndi—ndi—ndiri kunzwa kutekenyedzwa kuchiuya zvakare pandiri, hongu, changamire, ndichifunga kuti izvo . . . Handireve kuita sendinopenga. Handirevi kudaro. Asi ndinongo . . . Hamucherechedzi zvazvinoita kwandiri. Ndanga ndakagara mune izvi kwemazuva 4 zvino. Kungo . . . uye zvinongova kuti ndinofanirwa kutaura chimwe chinhu, chinoita sekuti ndinzwe semunhu zvakare. Munoziva zvandiri kureva. Hongu. Zvakanaka. Ukatanga kutaura saizvozvo, zvino unoona zviratidzo zvichiputika pese-pese. Ndizvozvo. Munoona, ndicho chikonzero ndichitaura chimwe chinhu kuti ndidzokedzane zvakare, ndodzoka zvakare. Maona?

218 Makambondicherechedza here kana ndiine mutsara wekunzvera? Ndinotaura chimwe chinhu, chinoita kuti vanhu vaseke; ndobva ndataura chimwe chinhu, chinoita kuti vanhu vacheme; ndozotaura chimwe chinhu, chinovashatirisa. Ndine chimwe chandinenge ndaona. Zvino ndinotaura chimwe chinhu, ndione kuti zvinoita sei, ndobva ndazoona kuti imhandoi yechiedza chiri pamusoro pavo, zvii zvinoitika. Zvino ndoziva pazviri, uye ndoziva kuti Chiri kudana here kana kuti kwete. Kana zvisiri . . . Agare apo, mutendi wechokwadi, zvakanaka. Unovadaidza, zvino, woti, "Iwe, *Nhingi-nhingi.*" Maona.

219 Uye paunodzika, Mweya unotanga kuzodza, zvino wotanga kuona kupenya kuya kuchiuya kwese-kwese, unoona, saizvozvo, mose, mukamuri yose. Saka, ndicho chikonzero ndichitaura chimwe chinhu, kuita sekutangidza zvakare, kutanga patsva zvakare, munoona.

220 Kubva Svondo yapfuura, ndinongogara mukamuri, ndichingonamata, ndizvo zvega, uye pasi pechizoro. Uye ndinoziva kuti iZvi ichokwadi. Kana muchitenda Mwari, ndinoziva kuti munotenda, imi ingotarisai pakupera kwevhiki. Uh-huh. Maona? Maona? Zvakanaka. Maona?

221 Zvino, rufu rwunoreva kupatsanurwa kubva kuna Mwari Nekusingaperi. Uye rangarirai, zvino, vatsvene havafe.

222 Rangarirai, mwenga wake wakapiwa bhiza pfumbu, iro . . . ndinoreva, mutasvi uyu akapihwa bhiza pfumbu, kuti—kuti aende naro. Akapihwa iri—iri bhiza pfumbu, rekuenda naro. Zvino akatasva bhiza pfumbu iri, rerufu. Zvino tinoziva kuti chaiva chii. Tinoziva kuti yaive chechi ipi.

223 Uye rangarirai, manheru apfuura, akange asingori chete "mhombwe," aivawo "amai vezvipfeve."

224 Uye tinoona, kuti chakaita kuti ave mhombwe, aiva, mudzimai ari wemhando yakadaro yemudzimai. Ndiri kungo . . . Izwi rinonyanyisa kuti dyoo, kuritaura pakaungana vanhu vakasangana. Asi Bhaibheri rinotaura kudaro, munoona. Saka, zvino, tinocherechedza kuti ndiye—ndiye mukadzi anorarama asina kutendeka kumhiko dzake dzemuchato. Uye munoona, anofanirwa kunge ari, anozviti pachake, anozvidaidza pachake kuti, "Mambokadzi weKudenga." (Achazenge ari Mwenga waMwari. Mwari ndiKristu.) Uye tinoona kuti ari kuita hupombwe, uye ari kukonzera madzimambo enyika kuita hupombwe, navarume vapfumi vose, navarume vakakurumbira. Nyika yose yakamutevera. Maona?

225 Uye zvakare tinoona kuti akabereka vanasikana, zvino vaiva zvipfeve. Chipfeve chiiko kunze kwekuva pfambi, zvimwe chetezvo; mhombwe, hupombwe, huipi, hupfeve, vachihuita. Chii chavakaita? Vakaita sangano, vakava nehurongwa, vakadzidzisa hurongwa hwakagadzirwa nevanhu, Pentekosti neboka rose!

226 Zvino, usarega hana yako—yako ichidonhera muhomwe yako, Pentekosti. Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Ngatitarisanei nenyaya yacho sezvazviri. Isu tava zasi kumagumo enzira zvakanyanya zvino, kuti tizengurire kuzvitaura. Tarisai pano.

227 Tiri kurarama muZera reChechi yeRaodhikia. Uye ndiro rakanga riri zera rechechi rine hupenzi hwakapfuurira mamwe ose, rinongodziya, uye ndiro roga rina Kristu ari kunze, achiedza kudzokera mukati. Uye ndiyo mharidzo yePentekosti iri kufamba, yakati, "Ndakapfuma!" Vakomana, waiva murombo, pakutanga. Zvino wazochipfuma chaizvo, munoona. "Handina chandinoshaya!" Uye—uye, oo, zvawakanga uri!

228 Akati, "Wakashama, wakasuwa, uri bofu, uri murombo, une nhamo, uye hautombozviziva."

229 Zvino, kana munhu ange akashama, kunze uko mumugwagwa, uye achizviziva, handiti, aizoedza kuzvibatsira. Asi kana iye—kana iye asingazvizive, uye usingagone kumuudza zvakasiyana, ipapo anenge ari muchimiro chakashata. Mwari vave netsitsi kwaari. Ndizvozvo. Cherechedzai. Oo, ini zvangu!

230 Zvino, rangarirai, antikristu uyu, pachake, zvaari murume; mwenga wake, unova chechi yake, "akapihwa nguva yekuti atendeuke, zvino haana kuzviita," muzera iroro rechechi, Tiatira. Munozvirangarira here? Munokwanisa here . . . ?

231 Zvakanaka, ngatidzokerei shure kwechinguvana. Hazvitikanganise kudzokera shure kwechinguvana. Ngatidzokerei, kuchitsauko 2, kwechinguvana. Tichangochiverenga, chitsauko 2 che . . . zvino, Tiatira. Zvino

tarisai izvi, nokukurumidza chaiko zvino. Ini zvangu, tave kuda kusvika panguva yekuvhara, uye handisati ndatanga. Asi, cherechedzai, Tiatira. Zvino, inotangira pandima 18 ye— yechitsauko 2.

> . . . ku*mutumwa* (ndiye nhume) *wekereke iri paTiatira* nyora*;* Zvinhu izvi anodaro *Mwanakomana waMwari, ane meso* ake *akafanana* nemirazvo ye*moto* . . . *netsoka dzake dzakaita* sendarira yakanatswa;
>
> *Ndinoziva mabasa ako, nerudo* rwako, *nekushumira* kwako, *nekutend*a kwako,. . . *kutsungirira kwako, uye* ne*mabasa; uye* unofanira kuva u*nopfuura* . . . uye kuti *ekupedzisira anopfuura ekutanga.*
>
> Zvisinei hazvo ndine zvinhu zvishoma zvandinopesana newe, *nekuti unotendera uya mukadzi Jezebheri*,. . .

232 Hezvoka izvo. Munomuziva, muBhaibheri. Aiva mudzimai waAhabhu. Uye heuno mukadzi, chechi, Jezebheri, mudzimai wemuporofita wenhema, uyo anofanirwa kunge ari muporofita wechokwadi waMwari, papa; ndizvozvo, muporofita chaiye nemudzimai wake, Jezebheri. Zvino, Ahabhu aifanira kunge ari muJudha wechokwadi, asi aiva nhubu, munozviziva, nekuti mudzimai wake aingomutungamirira chero nenzira yaaida. Tinoona kuti, Jezebheri anotora mari yake otungamirira ava nenzira yavanodawo, zvakare.

> . . . *anozviidza muporofitakadzi,* (mazvibata here?), ku*dzidzisa no* . . . kukurira *varanda vangu* (munoona, dzidziso iyoyo yaJezebheri yakangotsvaira nyika) *kuti vaite upombwe no* . . . *kudya* zvinhu *zvakabayirwa* ku*zvifananidzo.*
>
> . . . *ndakamupa nguva kuti atendeuke* (munoona?) pakupfeva *kwake;* uye haana *kutendeuka.*

233 Tarisai ndima inotevera iyi.

> . . . ndicha*mukandira* mu*nhowo* (igehena iri), naivo *vanoita upombwe naye* pamatambudziko makuru,. . . (Uku kupinda muKutambudzika kukuru. Kwete Chechi, zvino.) . . . kunze kwekunge vatendeuka *pamabasa avo.*

234 Zvino tarisai, pano.

> . . . *ndichavauraya vana vake* (zvipfeve zvake) *norufu* (rufu rwepamweya); . . .

235 Munozvitenda here? Ndiro Shoko. "Ndichavauraya norufu." Uye kana vakauraiwa, vanoparadzaniswa Nekusingaperi. Zvakanaka. Rangarirai, Akamupa nguva yekutendeuka.

236 Zera reTiatira raive zera rerima. Mutasvi webhiza dema akatasva panguva iyoyo, apo misa dzose nezvimwe

zvose zvaitobhadharwa, neminyengetero, ne—nemanovhena, nezvimwe zvakadaro. Zvino onai bhiza rake dema, zvino, mushure mekunge aramba kutendeuka muTiatira, (chii?) anoshandura kutasva kwake kubva pabhiza dema kuenda pane pfumbu, rufu, pashumiro yake yekupedzisira.

237 Zvino, regai ndimboti zunguzei munhu pano zvishoma. Kuramba Mwari, kuramba kudana kwaMwari, uchazviita kekupedzisira pane imwe nguva. Uye, sezvakaita chechi iya, zvakatopera. Mwari, kutsungirira, havazogari vachiita makakatanwa nemunhu. Maona?

238 Zvino paakaRiramba, uye akaramba kuRigamuchira, zvino akabva ashanduka ndokuenda . . . Uye zvino ane zita rinonzi "Rufu," kuparadzana. Mwari vakati, "Ndichatotora kunyangwe nevana vake, maProtestanti, uye mumwe nemumwe wavo Ndichauraya nekupatsanura Kwekusingaperi." Hezvoka izvo, Zera reTiatira, zera rerima. Bhiza rake dema zvino rava kushanduka kuva rufu, kuitira shumiro yake yekupedzisira.

239 Munoona kuti mazera echechi anopindirana sei neZvisimbiso? Zvakanyatsokwana chaiko. Uye tinoziva kuti Ndizvozvo. Mweya Mutsvene haukanganise. Wakatipa kusimbiswa kukuru, nguva yakapfuura, patakapedza nemazera ekereke kumashure uko, munoziva.

240 Onai moyo murefu, waMwari une rudo! Vasati vaisa mutongo paari, Vakamupa mukana wekutendeuka. Uye nemuZita raShe randinozvitaura izvi: Akapa chechi yechiProtestanti chinhu chimwe chetecho, uye iyo haisi kuzozviita. Mharidzo yakazunguza kwese-kwese, zvino haisi kuzozviita. Ichange ine dzidziso dzayo dzechinamato nezvitendwa, handina basa kuti unoZvitsanangura zvakadii.

241 Sezvandakataura uko kuChicago, rimwe zuva, pamberi pevashumiri vakawanda kudarika vanhu vagere pano! Uye ipapo vakandiisa pakona, pamusoro peDzidziso, mbeu yenyoka nezvimwe zvose izvi. Ndikati, "Mumwe munhu tora Bhaibheri rako, wouya pano umire neni zvino." Uye hapana munhu akataura chinhu.

242 Tommy Hicks akati, "Ini—ini handisati ndakamboZvinzwa saizvozvo, Hama Branham. Ndinoda matepi iwayo 300. Ndichaatumira kuvashumiri vangu vese."

243 Paive kuda ne 50, kana 75, vakati, "Ndiri kuuya zasi ikoko kuzobhabhatidzwa zvakare." Vakazombouya? Hapana kana mumwe wavo. Sei? Akavapa nguva yekutendeuka! Uye Achakandira vana venyu kurufu, rufu rwepamweya.

244 Tichazvitora izvozvo mangwana manheru, Ishe vachitendera, kana Mugovera manheru, paMatenda ayo anopfuura. Imi tarisai zvinoitika ipapo.

245 Sekupa kwaVakaita Egipita, Vakapa Egipita mukana wekutendeuka. Uye denda riya rekupedzisira rakanga riri chii? Rwaiva rufu.

246 Ndiro denda rekupedzisira rakarova chechi yePentekosti, rufu rwepamweya. Yakafa. Izvi zviri muZita raShe. Yakafa pamweya. Akaipa mukana wekutendeuka, uye yakaZviramba. Zvino yakafa. Haizombomuka zvakare.

247 Uye vanhu ivavo vari kunze uko, vachiedza kuunza maEpiscopalian nevaprisita, nevamwe vakadaro, uye vachivadaidza, "Baba Vehutsvene *Nhingi-nhingi*." Handiti, vanofanirwa kuzvinyarira pachavo. Kupofomara kwakadini uko munhu angava! Jesu haati here? Mhandara yakarara iya payakauya kuzotenga Mafuta, haina kuAwana!

248 Munhu wese, unonzwa vanhu vachiti, "Ndine Mweya Mutsvene. Ndakataura nendimi." Asi havadi kuuya kuchechi yakaita seino. "Oo, munoziva, handitendi kuti ndinoda kuva panzvimbo yakadaro." Zvino woti une Mweya Mutsvene?

249 Asi iwe unoda nzira dzako dzine chiremerera. Unoda kugara muBhabhironi zvakare woramba uchinakidzwa nemaropafadzo eDenga. Unofanira kuita sarudzo yako. Haugone kugara kunze uko munyika uye woshumira Mwari panguva imwe chete. Jesu akati haungashumire Mwari nepfuma yenyika. Saka kana usingatarisire . . .

250 Kana ukaponeswa zvechokwadi, uchanakidzwa nemisangano apo Mweya Mutsvene uri kuzvisimbisa pachezvaWo uye uchiratidza kuti Shoko raMwari rakadaro.

251 Mumwe akati, "Vanhu vanoita ruzha rwakanyanyisa. Zvinondihutisa-hutisa." Unozohuta-huta kana uchinge wazoenda Kudenga. Uye unongofunga, kana vose zvavo vari ikoko, zvino zvakadini izvozvo? Oo, ini zvangu! Ishe vanoda zvakadini kuwana . . .

252 Vane moyo murefu, sezvaVaiva mumazuva aNowa. Vakaedza nesimba. Vakaita moyo refu, kwemakore 120, kuvaita kuti vatendeuke. Havana kuzviita.

253 Mumazuva eEgipita, Vakatumira matenda nezvimwe zvose. Havana kuzviita.

Vakatuma Johane. Havana kudzoka.

254 Vakatuma Jesu, kuzofa, kuzoponesa boka rose raizonzwa Shoko.

255 Uye zvino, mumazuva ekupedzisira, Vakavimbisa zvakare kuti Vaizotumira Mharidzo kuti igoMudanira kunze, uye nekudzoreredza Kutenda kwepamavambo kuchidzokera kwaRiri, kudzokera kuShoko. Zvino havaRigamuchire. Vakabatikana zvikuru mukudzidzisa, kwedzidziso dzavo dzechinamato pamwe nezvitendwa, kusvika pokuti havaRidi.

Oo, vanofunga kuti kana vaiva ne. . . kana Mutumwa akafamba achidzika; asi Mwari havaite izvozvo.

256 Vanotora chimwe chinhu chisingazive uye chakapusa, chimwe chinhu chisingatombozive zvachose maABC enyu kana—kana chimwewo chinhu. Uyewo Vanotora mhando iyoyo yemunhu, nekuti Vanokwanisa kutora chimwe chinhu chisiri chinhu vobva vashanda kubudikidza nemachiri. Chero bedzi chinhu chichingofunga kuti vari chimwe chinhu, pakadaro hapana chavanogona kuita nacho. Vakagara vachiita izvozvo. Unofanira kuva chinhu pasina, kuti uve mumwe munhu naMwari. Oo, ini zvangu!

257 Cherechedzai, zvakadaro, "Vakamupa nguva yekuti atendeuke, asi haana kuzviita."

258 Vakazviita zvakare; haasi kuzozviita. Kuramba kwake, nzira, kunomuita, kana kuti, kuramba kwake kunogadzira nzira yakakwana yekuti Satani apinde maari agova munyama yemunhu. Ndizvozvo chaizvo. Kuzviisa munyama maari chaimo, nekuti akaramba Shoko. Uye ndicho chinhu chimwe chete icho chechi yeProtestanti inobva yava, chipfeve, imhaka yekuti inoramba Chokwadi chakasimbiswa cheShoko raMwari, uye zvinopa dhiyabhore mukana wokunyatsopinda mukati zvino obva azviisa munyama. Uye achaita mufananidzo wechikara pavanobatana pamwe chete, ikoko kwavari zvino, uye achiita chaizvo sezvaVakataura. Ndizvozvo. Ameni.

259 Dai ndaiva nefundo, ndaigona kunyatsoZviburitsa. Ini handina fundo. Ndiri kungotarisira kuti Mweya Mutsvene agoZvizarura kwamuri. Uye Achadaro, kune avo vano. . . Ndizvozvo chaizvo. Achazviita. Hongu. Cherechedzai.

260 Tarisai kuti sei, zvaakaita pano apa. Akaramba Mharidzo yaMwari yekuti atendeuke. Akatanga, saantikristu, uye ndizvo zvaaiva. Akava, muporofita wenhema, dhiyabhore ari munyama, uye, paakadaro, nedzidziso yake yenhema. Uyezve, mune zvose izvozvo, Mwari vamupa nguva yekuti atendeuke, vakaedza kumuwana.

261 Munoona moyo murefu wacho? Rudo runoshamisa kwazvo! Hakuna rudo rwakadaro! Tarisai kune avo, kunyange mate aya kumeso kwaKe nezvinhu, Akavaregerera. Ndivo Mwari, munoona. Regai. . .

262 Anoramba Shoko raMwari! Tarisai, akaudzwa kuti atendeuke, adzokere paakawa.

263 Uye akawa kubva papi? Shoko. Ndizvozvo. Evha akawa kubva papi? [Ungano inoti, "Shoko."—Mupepeti] Shoko! Ko sangano rakawa kubva kupi? ["Shoko."] Hezvoka izvo. Maona? Hapana imwe nzira. Kungoti, nguva dzose, zvinodzoka chaiko kuShoko, kudzokera chaiko kuShoko. Maona? Uye vanopinda muhurongwa hunovadzingira kure vachibva paShoko,

hunovadzinga kubva paShoko pachinzvimbo chekuvaendesa kuShoko. Cherechedzai.

264 Tarisai, akapihwa nguva yekuti atendeuke, adzokere. *Kutendeuka* zvinoreva "kudzokera, kutendeuka uchidzokera, kutendeuka wotarisa kwawabva." *Kutendeuka*, "kudzokera." Uye akapiwa nguva yekuti adzokere kune izvo . . .

265 Zvino rangarirai, ndiyo yaiva Chechi yepentekosti, yepamavambo iyo Mweya Mutsvene wakadururwa pamusoro payo, paZuva rePentekosti. Vangani vadzidzi veBhaibheri vanozviziva izvozvo? Chokwadi, yaive. Munoona kwayakaenda ichibva? Yakawa kubva paShoko, ndokugamuchira dzidziso dzechinamato. Inotarisira . . . Pachinzvimbo cheMweya Mutsvene, yaida murume mutsvene, "Chiremba LL., Ph., Q.U." ndokubva yamuita papa. Maona? Chokwadi. Asi, iyo, ndizvo zvayaida, mumwe munhu wekuti agoinamatira. Mumwe munhu . . . Wainongobhadharira mari yayo kuti abuditswe, uye ndizvo zvoga zvayaifanira kuita. Maona?

266 Zvino, ndizvo zvimwe chetezvo nhasi. Chero bedzi vaine chigaro chekugara machiri, vobhadhara yakawanda mundiro yemupiro, zvakatokwana zvakadaro. Ivo inhengo yechechi iyoyo. Usavaudze chimwewo chinhu pamusoro paRo; havadi kuziva. Ndivo vanasikana vake.

267 Zvino, yakadonha kubva papi? Kubva paShoko repamavambo revaapostora vechiapostora nevaporofita. Ndipo paakadonhera achibva. Ndipo apo maProtestant akadonha achibva.

268 Tendeukai! Dzokerai! Dzokerai nguva isati yaperesesa. Haisati yanyatsa kuperesesa. Rimwe remazuva ano Gwayana iri richasiya nzvimbo yaRo, uye zvadaro zvese zvatopera. Naivowo vanasikana vake vakakumbirwa zvino, vasati vatongwa pamwe naye, kuti "vadzokezve."

269 Zvino, Mharidzo yekupedzisira yavanowana, ndipo apo muporofita uyu, wandanga ndichitaura nezvake . . . Izvo, ndanga ndichiverenga mabhuku akawanda pamusoro paZvo. Uye ndinoziva kuti varume chaivo vakanaka, vanonzwisisa, vanofunga zvepamweya vanoziva kuti Izvozvo zviri kuuya. Vanozviziva. Vanoziva kuti Zviri kuuya, munoona. Ivo . . . Asi dambudziko racho nderekuti, vanoramba vachiti, "TinoZvida. Zvichazovapo," zvino paZvinouya, zvekuti zvichange zvakaninipa kwazvo, pada vachaZvipotsa sezvavakaita pane imwe nguva. Ndizvozvo chaizvo. Vanhu vachanyora pamusoro paZvo, nezvimwe zvose, voti, "Oo, hongu, Zvinofanira kuva zvakadaro," uye Zvochibva zvaratidzwa pamberi pavo chaipo, zvino vanongoramba vachienderera mberi, maona. Saka vakagara vachiita izvozvo.

270 Tarirai zvino, Shoko repamavambo. Ivo vanote- . . . ivo . . . Anofanira kutendeuka, kuti adzokere, nazvino, naizvozvo

vanasikana vake vakakumbirwa. Vachamanikidzwa . . . vachatongwa, vokandirwa panhowo imwe chete vouraiwa pamwe chete naye. Vakakumbirwa kuti vadzokere kuShoko repamavambo, vadzokere kuDzidziso yevaapostora. Asi, vakanyatsosungirirwa pasi nezvitendwa zvavo nezvimwe, havazviite. Vanotoita dambe naZvo.

271 Zvino vanoita sei? Pakupedzisira vanoumba mumufananidzo wechikara, rimwe simba; cherechedzai, uye woita, kuMwenga weGwayana, sezvaakaita muna Zvakazarurwa 13:14. Ndizvo zvavanoita, kungotambudza, zvingori zvimwe chetezvo. Machechi anongoseka Mwenga waKristu wechokwadi, sezvakamboita Roma. Zvingori izvo chaizvo. Hongu, changamire. Anoita kune Mwenga cha—chaiwo weGwayana zvimwe chete chaizvo zvaakaita muna Zvakazarurwa 13:14.

272 Zvino cherechedzai. Tinoona, kubudikidza neShoko raMwari revimbiso, Vacha—Vachauraya vana vake, masangano, vanasikana vake, nerufu rwepamweya. Zvino, iyi iZvakazarurwa 2:22. Musaikanganwe. Kuuraya, ndiko kuisa murufu. Uye *rufu* ndiko "Kuparadzaniswa Nekusingaperi kubva muHupo hwaMwari." Fungai pamusoro pazvo, shamwari. Fungai nezvazvo. Musavimbe nechero zvitendwa zvakagadzirwa nevanhu. Chinhu chipi nechipi chinopesana neShoko, garirai kure nacho.

273 Zvino tarisai, tarisai muBhaibheri pano. Rakati zita rake ainzi Gehena, uye . . . Ndinoreva:

> . . . zita rake rainzi *Rufu, uye hadhesi rakamutevera*.

274 Zvino, gehena rinogara richitevera rufu, panyama. Kana munhu wenyama afa, gehena rinomutevera; ndiro guva, hadhesi, munoona, izvi zviri panyama. Asi pamweya, iDziva reMoto, munoona, zvakanaka, kupinda mukuparadzaniswa Nokusingaperi, uko kwavanopiswa zvachose.

275 Uye—uye Maraki 4 akati, "Hautombovasiira shanga, kana bazi, kana chii zvacho." Ndiyo nzira ine nyika yekuzvinatsa nayo zvakare, kuitira Mireniyamu. Maona?

276 Macherechedza here, mutasvi uyu "murume"? Uye "murume" uyu akanga aine muruoko "rwake"; "murume," muporofita wenhema. Asi mwenga wake unonzi chechi, "mudzimai," Jezebheri. Ahabhu; Jezebheri. Handiti, zvakangonyatsokwana chaizvoizvo. Maona? Maona?

277 *Vanasikana* "vakadzi," wo zvakare, asi havagamuchire hutongi hwemurume 1; maProtestanti, kune izvozvo, asi vachiri mhombwe pamaitiro, edzidziso yavo, sangano, hurongwa. Ndizvo zvingori . . . Ndizvo zvarinotaura.

278 Cherechedzai. Zvose izvi zviri kusvika kupi? Zvino, tangosarirwa nemaminitsi angangoita 12, 14 pano,

ndinofungidzira. Tarisai kuti izvi zvese zviri kusvika papi. Chii ichocho? Zviri kudzokera chaiko nenzira yazvakaita nayo, uye zvakatangira Kudenga. Zviri kusvika kuhondo yenguva yekupedzisira.

279 Chinhu chekutanga, Kudenga, kwaive nehondo. Rusiferi akakavirwa kunze, zvino akauya panyika. Akabva asvibisa Edheni; zvino anga achisvibisa kubvira-nakubvira. Uye zvino, kubva kuhondo yaive Kudenga, zviri kuuya kuhondo panyika; uye ichapedziswa, panyika, panguva yekupedzisira, muhondo inonzi Amagedhoni. Zvino, chero munhu anozviziva izvozvo. Hondo yakatangira Kudenga, dzvene, zvino saka vakamukavira kunze. Mikaeri neNgirozi dzaKe vakamukurira, akabva adzingwira kunze. Uye pavakadaro, akadonhera zasi chaiko kuEdheni, zvino pano ndokutangira hondo pasi pano. Met . . .

280 Mwari vaiva nevana vaVo vakachengetedzwa kwese neShoko raVo. Zvino Evha akaburitsa mutsipa wake kunze, akati, "Ndinotenda kuti zvauri kureva ichokwadi, zvichida." Zvino hezvo kwazvakaenda. Uye zvakazenge zvakadaro, kubvira ipapo. Zvino Mwari vakaburuka, uye zvino Vanofanira ku . . . Vakauya pasi kuzodzikinura avo vaizouya pasi.

281 Sezvandakataura, Mwari vakafanana nemuvaki mukuru. Vanoisa zvokuvakisa zvaVo zvose panyika, zvino zvadaro Vonozovaka zvivakwa zvaVo. Zvino rangarirai, pasati pava netsanga ye—yembeu panyika, kusati kwave nezuva rakamborova nyika, mutumbi wako wakanga wakarara panyika, nokuti uri guruva renyika. Maona? Uri. Mwari ndivo Muvaki.

282 Zvino, nzira yaVanga vari kuzozviita nayo, kwaiva kunanavira pasi votora (sezvaVakaita Adhamu) kabutwa kaduku kecalcium, potashi, uye nechiedza chemuchadenga, zvino, "Fuu!" Voti, "Hoyo mumwe mwanakomana waNgu." Maona? Zvino Vaizounza vamwezve vakawanda, uye, "Fuu!" "Hoyo mumwezve."

283 Asi Evha akaitei? Akasvibisa nzira iyoyo. Zvino akaiunza nemuchiito chekusangana pabonde, ipapo rufu rwukabva rwairova.

284 Zvino Mwari vari kuitei? Vane zhinji dzembeu idzodzo zvichidzika naimomo, dzakafanotemerwa; dzakawanda, dzakafanotemerwa. Uye zvakare, panguva yekupedzisira, haVasi kuzoti, "Evha, huya ubereke mumwe mwana." Vachati ("Fuu!") vodana, uye ini ndichadaira. Ndizvo zvoga. Ndizvozvo. Ndiyo pfungwa yacho. Kana iye wekupedzisira apinzwa mukati, zvatopera.

285 Zvino, hondo yakatangira Kudenga. Ichapedzerwa panyika, iri muchimiro cheAmagedhoni.

286 Zvino ngatitarisei uye tione zvichibhedhenuka. Uye zvichida tinogona kuzvibhedhenura. Ishe vatibatsire iko zvino kuti tizviite zvino. Kuzvitarisa zvichibhedhenuka.

287 Mutasvi asinganzwisisike, tarisai zvaanoita zvino; "kupikiswa," akaramba kutendeuka uye nokudzokera kuShoko reRopa repamavambo. Shoko rakava Ropa nenyama. Maona? Akaramba kudzokera kwaRiri. Ndiantikristu! Mwenga wechokwadi ari Shoko, anopiki-. . . anopikisana neMwenga wechokwadi ari Shoko. Anotora mwenga wake iye! Anopikisa Mwenga wechokwadi uyu, zvakare. Zvino anotora mwenga wake pachake, ouunza kwaari, muchimiro chechinamato chinonzi zvitendwa pamwe nedzidziso dzezvinamato. Maona? Uye zvino, achiona Mwenga mutsvene, iye anopikisana naWo. Asi anoumba mwenga wake pachake, anonzi antikristu, nedzidziso yaantikristu, inopesana naKristu. Munoona kuti akachenjeresa zvakadini? Uye zvino, panzvimbo yekuti ave nekubatana kwerudo, achitungamira, kunamata pasi peRopa, ane sangano. Panzvimbo pokuva neShoko, akatora zvitendwa, dzidziso dzezvinamato, nezvimwe zvakadaro.

288 Sezviri, zvino maProtestanti anoti, "Chitendwa cheVaapostora." Ndinoda kuti muwane izwi rimwe racho muBhaibheri. Muapostora, hapana Chitendwa cheVaapostora muBhaibheri.

289 Sezvandakataura pano, zvino, kasiri kare, kana kumwewo. Kana vaapostora vaive nechitendwa, ndiMabasa 2:38. Ndizvozvo chaizvo zvose zvandinoziva kuti akambova nacho. Ndizvo zvavakadanira munhu wese kuti aite. Paakawana mumwe wavo aiita sekunge vaive Makristu, akati, "Makagamuchira here Mweya Mutsvene kubva zvamakatenda?"

Vakati, "Hatizivi kana kuine. . . "

Akati, "Saka makabhabhatidzwa sei?"

290 Zvino, kubhabhatidzwa muZita raJesu, kana muZita raIshe wedu Jesu Kristu, waro, izvo, zvakanaka, asi handizvo zvese nazvino. Kwete, changamire. Unogona kubhabhatidzwa zvakapetwa ka 50, saizvozvo, uye zvorega kubatsira kana napadiki pose kutozosvikira moyo iwoyo washandurwa neMweya Mutsvene. Zvose zvinofanira kuenderana pamwe chete. Cherechedzai, ndi—ndiKristu!

291 Antikristu anoramba Dzidziso yeMwenga wechokwadi, uye nokudaro anotora mwenga wake pachake zvino omuumba, pasi pechitendwa chake iye. Anotora mwenga wake pachake omuita sangano! Anobereka mamwe masangano, sezvazvinorehwa muMagwaro Matsvene aya; anobereka vanasikana. Uye haa. . . Anobva ava zvakangoita amai vake, vepanyama, vezvenyika, vesangano; achipikisa Mwenga wepamweya, Shoko.

292 Havatauri kuti havasi vechechi. Iwe taura nemunhu wesangano. "Chokwadi, ndiri wechechi." Uri Mukristu here? "Ndiri wechechi!" Izvozvo hazvina kana nechinhu 1 chokuita naZvo! Vanoti. . . Iwe hausi weChe-. . . Iwe, unogona kuva veiyo inonzi chechi, munoona, kuva wechechi. Iyoyo haisi Chechi.

Ayo haasi Machechi ayo. Iwayo makirabhu kwekuti vanhu anoungana, uye vanhu sekunge, "dzinofura nzivani."

293 Asi muri Chechi imwe bedzi, uye ndiwo Mutumbi waKristu wakavanzika. Uye hahuujoinhe iWoyo. Unozvarirwa maUri.

294 Sezvandagara ndichitaura, ndave mumhuri yekwaBranham kwemakore 53, uye handina kumbobvira ndakaijoinha. Ndakazvarirwa mairi. Maona?

295 Zvino cherechedzai. Zvakangofananidzirwa zvakaisvonaka. Ndi—ndine . . . Gwaro rakanyorwa pano, asi ini . . . hatina nguva yekusvika kwariri; saEsau naJakobho.

296 Zvino, Esau akanga ari munhu anonamata. Haana kutaura kuti aiva asingatendi. Aitenda muna Mwari mumwe chete aitendwa naJakobho, Mwari mumwe chete aitendwa nababa vake. Asi aingova goronyera, kana regereraiwo matauriro aya, kungo . . . Aingova asina kunaka. Iye—Iye aiva ari, zvino, kana zviri zvekuva nehunhu, chaizvoizvo aive mu—munhu ane mazvibatiro akanaka kupfuura zvaiva Jakobho. Asi, munoona, haana kufunga . . . "Oo, ko hudangwe hwacho hunei naZvo?" Zvino akatengesa hudangwe hwake kuna Jakobho. Maona?

297 Asi, Jakobho, akanga asina zvinhu zvikuru, uye sezvakaita Esau. Akanga asina nhaka yaaive nayo. Asi paiva nechinhu 1 icho Jakobho chaaida, hwaive hudangwe uhwu. Akanga asina basa nekuti aizohuwana sei; akanga ari kuzohuwana. Mwari ndokuva neruremekedzo kwaari.

298 Uye, zvino, ndizvo zvimwe chetezvo nhasi, nemunhu wenyama, anofunga zvenyama, anofunga zvenyika. "Manje, ndiri wechechi yehurumende. Ndiri wechechi *iyi*. Ndiri we*iyo*." Izvozvo hazvinei nechokuita naZvo, kana nepadiki pose.

299 Tarisai, anovaunganidza zvino ari pabhiza rake rine ruvara rwakavhenganiswa. Ari kuvaunganidza pamwe chete, pabhiza rake rine ruvara rwakavhenganiswa, nokuti ane simba rezvematongerwo enyika.

300 Hamutendi kuti anaro? Mutungamiri wenyika uyu akapinda sei iko zvino? Zvakazomboverevedza sei? Uh-huh! Makauya kuno muchida rusununguko rwekunamata; uye imi boka rememocrats mungatengesa hudangwe hwenyu kune zvematongerwo enyika! Ini handina . . . Bato reDemocrat rakanaka; ose ari maviri akaora. Ndiri kutaura pamusoro peChikristu. Asi munotengesa hudangwe hwenyu, netikiti rememocrat, kuti mupinze chinhu chakadaro. Munonyadzisa imi!

301 Hamucherechedzi here kuti nyika ino, chaizvoizvo, yakafanana neIsraeri? Israeri yakaitei? Yakauya kune imwe nyika yevatorwa, ndokuburitsa kunze vagari vemo ikavauraya, ndokupinda ikatora nyika. Ndizvo zvatakaita; maIndia. Ndiye

ega munhu wemuAmerica wechokwadi ariko, ndeidzo shamwari dzedu dzechiIndia.

302 Uye zvadaro vakaita sei? Israeri yakave nevarume vaive vakakurumbira vashoma. Chinhu chekutanga munoziva . . . Vaiva naDhavhidhi, uye vakava naSoromoni. Vaive nevarume vane mukurumbira. Zvino pakupedzisira vakawana ndururani kumusoro ikoko, Ahabhu, akaroora Jezebheri, asingatendi.

303 Zvino, ndizvo zvimwe chete zvatakaita. Takava naWashington naLincoln, asi tarisai zvatakawana zvino. Uye nyaya yacho chaiyo, ndeyokuti, akaroora, uye akanyatsotindivara nekunyatsoperera pana Jezebheri. Anogona kunge ari mhando yemuchinda akaisvonaka, asi mudzimai ndiye achafambisa zvinhu zvacho. Uye munozviona izvozvi, mhuri yese iri kuuya mazviri.

304 Mweya Mutsvene wakandiudzei, makore anenge 35 apfuura? Uye imi mose venguva dzakare munozviziva, pamusoro pezvinhu 7 zvaizoitika zvisati zvaitika. Uye ichi ndicho chekupedzisira, chinoteverwa nechekupedzisira, chiri kuuya. Zvimwe zvese zvakanyatsorova panhongonya chaipo, kuhondo nezvimwe zvese. Maona? Uye zvino ari mumaoko chaimo, mudzimai, achitonga nyika. Jezebheri! Maona?

305 Asi, rangarirai, mumazuva aJezebheri, mumwe munhu akavaudza chaizvoizvo zvavaive vari. Maona?

306 Kuungana, pabhiza ravo rine mavara akavhenganiswa. Uye, munoona, ari kuunganidza chinhu ichi pamwe chete, chakasanganiswa nezvitendwa, sangano, dzidziso dzakaitwa nevanhu. Ndizvo here? Chokwadi, ruvara rwakavhengana, ruvara rwakavhengana rwebhiza pfumbu, rakafa renyika! Zvino, ndizvozvo. Mavara akavhenganiswa ebhiza pfumbu, rine chimiro chenyika chakafa, oo, ini zvangu, pasina Ropa dzvene reShoko, zvachose!

307 Zvino tarirai. Kubva pakona . . . "Vanovaunganidza, kubva kumativi 4 enyika; vanovaunganidza kuAmagedhoni," Bhaibheri rakadaro. Ndiri kuedza kufunga nezveMagwaro, seandinawo akanyorwa pasi apa. Handisi kuadana; asi apo chete paakanyorwa pasi, moona zvaari. "Anovaunganidza pamwe chete, kuzuva guru rehondo yaIshe Mwari." Tarirai. Zvino, pabhiza iri rine ruvara rwakavhengana, renyika, pfumbu, rinorwara, chingofungai nezvazvo; munoziva, chinhu chakaipa. Zvino tarisai paanovaunganidzira, "Kubva kumativi 4 enyika." Vari kuungana zvino kuitira mangange. Mangange acho achave pa "Amagedhoni," maringe neShoko. Maona?

308 Ari pabhiza pfumbu, akaritasva, aine "Rufu" rwakanamatidzwa, kana kuti, ane zita rakanamatidzwa paari, "Rufu," antikristu! Teererai. Antikristu, sangano rekutanga (hazvigoni kupikiswa); naJezebheri wake, chipfeve

kuShoko; nevanasikana vake, pamwe chete naye, maProtestanti; vachiungana pamwe chete zvino muhumwe!

309 Makanzwa here vanhu vechiBaptisti vachitaura rimwe zuva neche kuno, munoziva? Huh? "Oo, isu hatizobatani zvedu navo, asi ticha—tichava nehushamwari uye toita sekuwirirana navo. Hatifanire kuti tijoinhe chechi yavo, asi . . ." Hezvoka izvo. Hezvoka izvo, chaizvoizvo zvakataurwa neShoko. Maona? Maona? Chipfeve chekare, pakutanga, munoona.

310 Zvino hevanoi ava, vachizvibatanidza pamwe chete, vachiuya kumangange aya, kuAmagedhoni, uye akatasva bhiza rine ruvara rwakavhenganiswa; nerimwe bhiza riri jena, rimwe bhiza riri dzvuku, rimwe bhiza riri dema. Matatu aya, akasiyana: simba rezvematongerwo enyika—rezvematongerwo enyika, simba rezvemweya, rinotungamirirwa nesimba remadhimoni, anova antikristu. Ukazvisanganisa zvose izvozvo pamwe chete, zvino unova nechinhu chipfumbu, chinooneka sechinorwara chaakatasva. Ndizvozvo. Zvino cherechedzai. Tarisai chaakatasva, bhiza iri rinotaridzika kuve pfumbu, ruvara rwakachenuruka, rwakavhenganiswa rwutema, rwutsvuku, rwuchena; achiuya kuhondo, achiunganidza vanhu vake kubva kunyika yose iri pasi peDenga! Dhanieri haana here kududzira hope dzacho, uye akaona muhwezva wedare uya uchipinda nemuhumambo hwose, hweRoma? Hevanoi vachiuya, vachiungana.

Zvino garai makanyarara kuitira pakuvhara, kwechinguvana, uye munyatsoteerera.

311 Vari kuungana zvino kuti vazviite, achiunza vanhu vake kubva kumativi 4 enyika; akatasva bhiza pfumbu, rinorwara, rine mavara 3, akavhenganiswa. Murume mumwe cheteyo!

312 Zvino, muna Zvakazarurwa 19, haasi kungogadzirira iye chete, asi Kristu ari kugadzirira kunosangana naye. Hondo ichange ichipisa zvakaomarara. Kristu, muna Zvakazarurwa 19. Kristu anounganidza vaKe, kwete kubva kumativi 4 enyika, nekuti kuchava vashoma-shoma vakasara. Ari kuitei? Ari kuvaunganidza kubva kumativi 4 eDenga. Tichavawana, "mweya iri pasi peartari," mangwana manheru, uye muchaona kuti ndizvo here, kana kuti kwete. Mativi 4 eDenga; ari pabhiza rakachena sechando!

313 Iye zvakare ane Zita, kwete rufu, asi, "Shoko raMwari," Hupenyu. Ameni. Rakanyorwa pachidya chaKe chaipo pano, "Shoko raMwari." Ndihwo Hupenyu hwoga, nokuti Mwari ndivo voga chitubu cheHupenyu Husingaperi huripo. Zoe! Ndizvo here?

314 Uye Akanyorwa kunzi, "Hupenyu," akatasva pabhiza jena; uye heunoi murume ane masimba 3 akasiyana-siyana akavhenganiswa, anonzi "Rufu." Achiunganidza vamirririri vake vepanyika; uye Kristu ari kuunganidza vanhu vaKe vakazvarwa

Kudenga, vatsvene. Akanyorwa kuti "Rufu" paari; Kristu akanyorwa kuti "Hupenyu" paAri.

315 Avo vanaYe vari pamabhiza machena, zvakare, uye vanonzi, "Vakasarudzwa nyika isati yavambwa." Ameni! Uye vakatendeka kuShoko. Ameni! Fiyuu! Ndinozvifarira izvozvo. "Vanonzi, vakasarudzwa, nyika isati yavambwa." Uyezve, vakatendeka kuShoko, nekusarudzwa kwavo, vose vakatekenyedzwa newaini itsva neMafuta, vachingotasva vachitevera, vachidzika kuzosangana naye. Vanoziva kuti Mitinhiro ichatiburitsira chinhu chacho, munguva pfupi iri kutevera. Maona?

316 Tarisai. Anoita sei? Saka, kana Iye ari Shoko, zvino Zita raKe iShoko, saka Shoko Hupenyu. Antikristu; chero chipi hacho chiri *anti* "chinopesana," saka *anti* "kupesana" naKristu, Shoko. Saka, chinofanira kuva chitendwa, kana sangano, rinopesana neShoko.

317 Manje, handisi kuona kuti mungazvipotsa sei. Kana mu—muchizvinzwisisa, ko mungazvipotsa sei? Handizivi kuti muchazviita sei.

318 Uye ichokwadi. *Anti* "kupesana." Handizvo here? "Kubvisa pane." Ndizvo zvaaiva. Akatasva bhiza rake rakavhenganiswa. Tazviona imo muno chaimo muShoko raMwari.

319 Takazviona imomo chaimo mumazera 7 echechi. Apa Vanozviunza zvichidzoka muZvisimbiso chaimo, vachizarura nekuratidza zvinhu izvozvo zvakaitika, pasi pemazera echechi.

320 *Anti* "kupesana" neShoko. Munoona kuti sei, zvitendwa, sei tichipesana nezvitendwa nemasangano? Nokuti zvinopesana neShoko. Maona?

321 Pano tinoona Hupenyu nerufu zvichiuya kuzorwisana kekupedzisira. Bhiza jena, reHupenyu hwechokwadi; bhiza pfumbu, rezvitendwa zvakasanganiswa. Vanoona chinhu chacho chichiuya ku—kune mangange chaiwo.

322 Zvino ndinoda kutaura chimwe chinhu pano. Munogona kusazvitenda izvi. Asi ndakazvitsvagurudza, kuti ndive nechokwadi. Pane ruvara 1 bedzi rwepamavambo, uye ndirwo rwuchena. Vangani vanozviziva? Pane ruvara 1 bedzi rwepamavambo. Mamwe ese, akavhenganiswa.

323 Kristu ari paShoko rakanyatsochena, risina kusvibiswa, kubva pamavambo. Ameni! Ameni! Ruvara rwese rwaizove rwuchena kana dai mumwe mushonga usina kunge wakapinda marwuri. Ameni! Kubwinya! Chechi yega-yega yaizenge yakamira paDzidziso yechiapostora yeShoko raMwari, uye Mwari vachiRisimbisa, kana dai ainge asina zvitendwa kana masangano zvakavhengana maRiri. Hezvoka izvo.

Oo, Hama Evans, ndiri kunzwa zvakanaka iye zvino! Hongu, changamire. Hongu, changamire.

324 Ruvara 1 bedzi rwepamavambo, ndirwo rwuchena. Harwuna kumbobvira—harwuna kumbobvira rwakavhengana nemasangano kana zvitendwa. Kwete, changamire.

325 Uye, rangarirai, vatsvene vaKe vakapfeka nguwo chena, dzisina kuvhenganiswa nesangano nezvitendwa. Zvino tinoona kuti, zvitendwa zvemasangano, ndipo pano paunowana ruvara rwako rwakavhenganiswa. Asi urwu ndirwo ruvara rwepamavambo rwaAri kutasva. Ruvara rwepamavambo rwuri pavanhu vaKe. Uye vakanyikwa muRopa, rakachenesa nguwo iyoyo, ndokuchidzorera seri uko chaiko. Maona? Ndizvozvo.

Avo vakasanganisa, vakazocheneruka uye vanoenda kurufu.

326 Uku kutsveyamisa, kutsveyamiswa, kuvhenganisa mavara nerwuchena; unotsveyamisa ruvara rwepamavambo. Ndizvo here? Kana ruvara rwepamavambo, ruvara rwoga, rwuri rwuchena, zvino ukasanganisa chimwe chinhu narwo, unotsveyamisa chinangwa charwo chaicho. Ameni. Ndizvo here?

327 Uye, kana, kana Iye ari bhiza jena, uye Iye ari Shoko; zvino, kuvhenganisa chero chii zvacho naRo, chero mhando yechitendwa, kuwedzera shoko 1 kwaRiri, kubvisa Shoko 1 kwaRiri, kutsveyamisa chinhu chacho chose. Oo, ini zvangu! Ndichengetei neShoko, Ishe!

328 Zvokwadi nekukanganisa! Oo, ini zvangu! Zvisinei nekuti zvakanaka sei kuti zviri . . . Zvokwadi nekukanganisa hazvigone kusangana. Hazvikwanise kusangana. Ngaive iri ZVANZI NAJEHOVHA kana kuti handizvo. Hazvina basa kuti baba vehutsvene vakazvitaura, Mutsvene Bonifer, kana—kana achibhishopi weCanterbury; Handizive kuti ndiani akazvitaura. Kana zvichipesana neShoko, zvakatsveyama. Hazvisangane. Woti, "Handiti, muchinda uyu akaita . . ." Handina basa nezvaakaita, kuti iye mutsvene zvakadii, kana chero chii zvacho chakadaro. *Iyi* ndiyo Zvokwadi yoga yakananga yatinayo. Hapana chechi, hapana chitendwa, ine Zvokwadi, kana iri kunze kwe*Iyi*.

329 Uye ndiratidzei 1 inaCho. Kungoti, ndinoda kuti mundiudze. Ndichavhura peji muBhaibheri, ndokuratidzai chimwe chinhu. Maona? Ingodaidzai iyo yacho. Munoti, "Pentekosti." Oo, ini zvangu! Ndangobata pfungwa iyoyo kubva kune mumwe munhu apo. Ndicho chikonzero ndazvitaura. Zviri nani ndizvisiye, iko zvino, nekuti ndaona kuti zvatanga kutodzimba ipapo chaipo. Ndanga ndisiri—ndisiri kuda kukurwadzisa, asi nda—ndanga ndichida kuti muzive kuti ndinoziva zvamanga muri kufunga. Maona?

330 Avo vakasanganisa, vakashandura (vokupikisa) kuva rufu. Vanoshandura kuva ruvara rwerufu, pamunovhenganisa chero mhando zvayo yechero chinhu nerwepamavambo.

331 Zvakafanana nezvakataurwa naKristu nezvembeu yemastadhi. Asi zvisinei, ndiyo dikisa pambeu dzose,

asi haisanganisike kana nechii zvacho. Mastadhi haigoni kusanganiswa. Iye imastadhi yemazvirokwazvo. Saka kana ungori nekutenda kwakadaro, ingobatirira pakuri.

332 Cherechedzai. Hupenyu hwakatevera, mutasvi aive pabhiza jena, Uyo aiva Shoko, Hupenyu, akasimbiswa nevatsvene vaKe vakamutswa vaAkanga Ainavo. Zvino hondo yacho ichafamba sei?

333 Jesu akati, "Uyo anotenda maNdiri, kunyange akafa, zvisinei achararama." Akati, "Kana uchitenda maNdiri, kunyange iwe—iwe wakafa, zvisinei uchararama. Uye ani naani anorarama uye achitenda maNdiri haangatongofi." Zvakare, Akati, "Uyo anotenda maNdiri . . . Achamupa Hupenyu Husingaperi, ozomumutsa nemazuva ekupedzisira." Ndiro Gwaro raKe rakavimbiswa.

334 Heunoi Satani achiuya, nemativi 4 ose enyika, nemaProtestanti ake uye nemaKatorike ake—ake, nevose pamwe chete, vachifora vakananga kuHondo yeAmagedhoni. Zvakanaka.

335 Zvino heunoi Jesu achiuya, achiburuka kubva Kudenga, nevatsvene vakamutswa, Shoko rakasimbiswa.

336 Ndakati, kana Mwari vakataura, kana kukutuma, Vari . . . Va—Vanotsigira zvaunotaura. Maona? Cherechedzai, kana uri mumiriririri anobva Kudenga, Denga rose riri shure kwako. Uye Denga rinoumbwa neShoko. Uh-huh.

337 Cherechedzai, zvino, Auya nevatsvene vakamutswa, achisimbisa kuti Shoko raKe nderechokwadi.

338 Saka Satani anoziva, zvino, kuti makomba asina hwaro akamumirira. Maona? Oo, ini zvangu! Apo, rufu rwakatasva bhiza pfumbu, chitendwa chakavhenganiswa pamwe nemasangano, zvino ndokumutevera, oo, ini zvangu, mukupatsanurwa Kwekusingaperi naMwari. Ndiko kwaakatasva achienda navo, kunoparadzaniswa Nokusingaperi.

Kristu akatasva Chechi yaKe achipinda muKubwinya chaimo, murumuko.

339 Cherechedzai ndima 8 zvino, chaiyoiyo . . . chikamu chekupedzisira chendima 8, patava kuvhara, munoona.

. . . *simba* rakapihwa kwavari . . .

340 Ndiani "ivo"? Maona? Zvakanaka. Antikristu, anonzi "Rufu." "Gehena rakatevera." Tarisai zano rake riri mumatanho 4.

341 Antikristu, bhiza jena; anouraya nemweya, ari antikristu; kuuraya pamweya.

342 Nhamba 2, bhiza dzvuku; anouraya nemunondo; simba rezvematongerwo enyika, apo chechi nehurumende zvakabatana.

343 Bhiza dema; mweya, paakapa dzidziso yake yechechi, uye iye akaita ipapo nehupombwe hwake. Zvino akayera zvokudya zvavo, ne . . . akatengesa zvavo . . . zvavanopa zviri zvekudya, nechiyero, nemadhinari, nezvimwewo.

344 Rechi 4, bhiza pfumbu; Kupatsanurwa naMwari Nokusingaperi. Zvakare, 4, munoona. Oo, ini zvangu!

Mwari ngavarumbidzwe!

345 Zvino, chekupedzisira, pano mukuvhara. Kune avo . . . Mune here . . . Ndapfuurira nguva, asi mungandipawo here mamwezve maminitsi angaita 10? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Ndatambira nhare dzakawanda kwazvo, nhasi, pamusoro—pamusoro pekutaura kwangu pano.

346 Pakava nekupengereka kwakawandisa kwanga kwatanga, pamusoro paEria, kusvikira zvingori . . . Zvaka—zvakanyatsorohwa kusvika zvafa. Uye munogona . . . Zvakanaka, chingoregai . . . Kungoti dai Mwari vandibatsira kukubatsirai kuti muone zvandakatarisa. Muchadaro here? Ngatingoedzai kudaro, munoona.

347 Zvino hezvinoi, mukuvhara, kune avo vasingatende kuti mutumwa wekupedzisira kuzera rechechi ndiEria muporofita, murume akazodzwa nenzira iyoyo.

348 Mushure mekufa . . . Tarisai. Mushure mekufa, kwezera rino rechechi yekupedzisira . . . Zvino, cherechedzai zvakaitika, munoona. Mushure merufu, zvitunha zvavo zvinoparadzwa nezvikara zvesango. Munozviziva izvozvo. Zvino, ichokwadi. Sezvavo, vaiva nemufananidzo waJezebheri.

349 Zvino vhurai kuna Zvakazarurwa 2:18 ne 20. Ndinotenda kuti tazviwana maminitsi mashoma apfuura. Hatina here? Hongu, ndinotenda kuti tichangobva kuzviwana. Ndanga ndinazvo zvakanyorwa pasi apa kuitira zvimwe . . . Hongu. Nguva yekuora kwehunhu, ndizvo zvazvaiva zviri. Onai kuti zvakanga zvakadii, kuti Jezebheri akanga apinda sei. Zvino, Jezebheri ndiye machechi, chechi yechimanjemanje iyi; kwete Mwenga, zvino. Jezebheri, muTestamende Yekare, mufananidzo wechechi nhasi, maererano neShoko raMwari, raZvakazarurwa 2:18, 20.

> . . . *unotendera uya mukadzi* Jezebheri, akazviidza *muporofitakadzi,* . . .

350 Maona? Ndizvo here? Zvino, zvakafananidzirwa zvakakwana kuna Jezebheri. Zvino, chekutanga . . .

351 Tinogona kungokupai Gwaro neGwaro, munoona, kuti zera rekupedzisira iMharidzo yechiporofita kuChechi, achivadana kuti vadzokere kuShoko repamavambo. Zvino

cherechedzai. Ndizvo here? Maraki 4 yakataura kudaro, nemamwe, Zvakazarurwa 10:7, zvichienda zvichidzika. Maona? Jesu pachaKe akafanozvitaura, zvichidzika, zvichidzika, zvichidzika. "Sezvazvakanga zviri mumazuva aRoti," nezvimwe zvakadaro, uye zvichienda zvichidzika. Zvinongoramba zvichiuya zvichidzika.

352 Jezebheri ndiye mufananidzo wechechi yechimanjemanje nhasi uno nokuti maKatorike nemaProtestanti abatana pamwe chete zvino. Ipapo—ipapo hapana pekuzvinzvengera. Vose masangano, saka zvingori—zvingori amai nemunin'ina chete, ndizvo zvoga. Vanopopotedzana nekukakavadzana, asi vari chinhu chimwe chete, vose zvipfeve. Zvino, handisi kutaura izvozvo pachangu. Ndiri kutora kubva pana ZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Zvakanaka.

353 Zvino tinocherechedza, akaurayiwa nekuraira kwaMwari, aiva Jezebheri, akaurayiwa nokuti Mwari vakaita kuti Jehu aende zasi ikoko ndokumuita kuti akandirwe kunze nepahwindo, ndokuuraya Jezebheri. Zvino imbwa dzakadya nyama yake (Ndizvo here?), Jezebheri chaiye. Ahabhu, mambo wake, mukuru; imbwa dzakananzva ropa rake, sezvakafanotaurwa naEria wekutanga. Muri kuona kwatiri kuenda, handiti?

354 Sei? Eria wekutanga aiva murume akarambwa, nemachechi. Uye Jezebheri naAhabhu ndivo vaiva vakuru vemachechi iwayo, chechi nehurumende, zvose pamwe chete. Zvino Erisha akazivisa zvitadzo zvaAhabhu kwaari, uye akaraira chechi yose kuti idzokere kuShoko rechokwadi.

355 Kana zvisiri izvo chaizvo izvo Eria wechi 2 ari kufanira kuita paanouya kuchechi ino muzuva rino, "kudzoreredza Kutenda kwepamavambo"! Handione kuti muchapunyuka sei kubva kwaRiri. Ndizvozvo. Dzokerai kuShoko rechokwadi! Ndizvozvo.

356 Zvino kana muchida kuona mitumbi yavo, ngativhurei pano kuna Zvakazarurwa 19, mushure—mushure mekunge Shoko ravauraya. Zvino, Shoko richavauraya. Munozviziva. Zvakanaka. Zvino chingotarisai muone zvinoitika paKuuya kwaKristu, muna Zvakazarurwa 19, kutanga nendima 17.

Zvino ndakaona mutumwa amire muzuva; . . .

357 Zvino, ndimo mushure chaimo, tarisai pamusoro apa, "Uye nguwo yaKe yakanga yakanyikwa muropa. Uye anonzi MAMBO WAMAMBO, NAISHE WAISHE." Mundima 13, "Anonzi Shoko raMwari." Maona? Zvino, heunoi paAri, "MAMBO WAMAMBO, NAISHE WAMADZISHE."

Zvino ndakaona mutumwa . . .

358 Zvino tarisai. Anoenda.

Mumuromo make makabuda munondo unopinza, kuti nawo arove marudzi: . . .

359 "Kubva mumuromo maKe," sekubva pamuromo waMwari kuenda kumuromo waMosesi. Maona?

. . . uye achavatonga *netsvimbo yedare:* uye . . . otsika *chisviniro* chewaini—chisviniro *chehasha* ne*kutsamwa kwaMwari waMasimba ose*.

Uye *panguo yake* ane zita . . . *pachidya chake pakanga pakanyorwa zita rinoti, MAMBO WA*MAMBO, *NAISHE WAMADZISHE*.

Zvino ndakaona mutumwa . . .

360 Zvino tarisai. Zvino Anouya, achirova. Ndiani waAri kurova? Jezebheri naAhabhu wake, muporofita wenhema.

Zvino ndakaona mutumwa amire muzuva; uye *akadanidzira nezwi guru, achiti kushiri dzose* dzedenga *pakati pedenga, Uyai muungane* pamwe chete ku*chirairo chaMwari* mukuru;

361 Anovadyisa kumhuka neshiri. Zvino tarisai neche pano mune chimwe chitsauko pano, cheBhuku raZvakazarurwa. Zvino, chimbomirai zvishoma, "Kuuraya nemunondo, nerufu, nezvikara zvenyika." Maona? Chechi yaJezebheri, wake (chaiwo) mutumbi, unofanira kudyiwa neshiri nezvikara zvepanyika. Zvimwe chetezvo chaizvo saAhabhu naJezebheri, panyama, ndizvo zvavari kufanira kuva, muchimiro chemweya, chechi. Muri kuona here zvandiri kureva? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvakanaka.

362 ZvaEria . . . Oo! Eria aive muporofita mumazuva aAhabhu naJezebheri, panyama. Uye akavimbiswa kuita zvimwe chetezvo, maererano neZVANZI NAJEHOVHA, muShoko, kuna Jezebheri, pamweya; shumiro yake yechimiro cheMweya.

363 Tarirai. Eria, kunyange hazvo, muzuva rake, akanyatsosimbiswa uye zvikuru kwazvo, haana kukwanisa kuvadzosera kuShoko. Ndizvo here? Kunyangwe, Eria akaedza, nezvose. Akaita zvose. Iye—iye akavaratidza zviratidzo nezvishamiso; ivo ndokuseka pachiso chake. Zvimwe chete zvavachaita newepamweya pano, munoona. Haana kukwanisa kuvadzosera kuShoko. Kubva pane mamiriyoni . . .

364 Zvino teererai, chechi, nepedyo zvino, imi makati vhiringikei zvishoma pane izvi.

365 Kubva mune mamiriyoni ari munyika, mumazuva aEria, Jezebheri naAhabhu pavakanga vachitonga, mu—mumufananidzo wechaifananidzirwa chacho nhasi; kubva munyika yose, kwaingova ne 700 bedzi vakaponeswa, pakuparidza kwaEria. Ndizvo here? Ndizvo chaizvo.

366 Tarirai, Eria haana kumbobvira akaziva kana mumwe wavo zvavo anga akadaro. Akafunga kuti aiva iye ega akaponeswa, kusvikira Mwari vazarura chimwe cheZvisimbiso ndokumuratidza chakavanzika chiri muBhuku, kuti Vaiva ne 700 vasina kumbobvira vakapfugamira kuzvitendwa izvozvo zvavaiva nazvo. Mwari pavakazarura Bhuku raVo kuna Eria, vakati, "Zvino chimbomira zvishoma, mwanakomana. Ndine 700 vakadyarwa kwese-kwese, kunze uko, vane mazita avo muBhuku kubva pamavambo enyika. NdevaNgu." Fiyuu! Mwari vakazarura Zvisimbiso.

367 Ndicho chikonzero ndinofunga kuti Johane aiita kudanidzira kwakanyanya humwe husiku. Anofanira kunge akaona zita rake Ipapo, munoona. Maona?

Rimwe zuva Mwari vakazarura . . .

368 Erisha, akanga aparidza. Akanga aita zvose, uye—uye—uye akaparidza nesimba rake rose. Akaita zvese zvaaigona, uye zvakadaro vaingozvikudza, uye vakamunenera zvese, ndokuti, "Ndiwe honzeri yezvese izvi. Uri muwuki. Ndiwe unoita kuti matambudziko ese aya auye. Une mhosva," uye nezvose zvakadaro. Akataura zvose kwaari. Jezebheri akatyisidzira kugura musoro wake, nezvimwe zvose. Ndizvozvo. Munhu wese aipikisana naye.

369 Zvino akabva ati, "Ishe, mushure mekunge ndaita izvozvo, zvese zvaMakandiudza kuti ndiite! Ndakanyatsogara neShoko reNyu. PaMakandiudza chero chii zvacho, handina kutya. Ndakafamba ndakananga pamberi pamambo, nezvimwe zvese, ndikavaudza, 'ZVANZI NAJEHOVHA.' Uye haMuna kana chinhu chamakandiudza, uye handina kuvaudza chinhu 1, kunze kwezvakaitika. Uye zvino hepanoi pandiri, mumwe woga asara, kubva muboka rose. Ndini ndega ndasara, zvino vari kuedza kundiuraya."

370 Mwari vakati, "Ndichazarura chimwe cheZvisimbiso ndokuratidza chimwe chinhu." Vakati, "Unoziva, ndine 700 kumashure uko, vasina kumbobvira vakagwadama ibvi kuna . . . kujoinha chero chezvitendwa izvozvo nazvino, masangano. Pane 700 veivavo vagadzirira Kubvutwa, munoona." Oo! Oo! Vakataura kumuporofita waVo, waVanozarurira Shoko raVo, munoona, kubudikidza neMagwaro. "Ndichine mazita 700 akagadzirirwa nazvino, kubva muchizvarwa chino; 700 vavo. Havana kupfugamira mabvi avo kune chero" (kana ndingazvitaura muzuva rino) "masangano ezvinamato, nekuuya vakanyura muzvitendwa, imo mazviri."

371 Munoona zvandiri kureva? Zvino, zvinotongofanira kuva. Zvinotongofanira kuva. Uye zviri maererano neShoko. Kana murume wacho asvika panzvimbo, achange ari muporofita. Chaizvoizvo sekungomira kwandakaita papurupiti ino. Maona? Uye achanyatsogara chaizvo neShoko iroro. Haazotore

chitendwa chaani zvake kana chinhu chipi zvacho. Ndizvozvo. Achange ari muchinda wemhando yemunhu wemasango, sezvaiva Erisha, iye. . . uye sekuuya kwakaita Johane. Acha—achavenga vakadzi, (vakomana!) vakadzi vasina hunhu! Fiyuu! Vakomana, achangorova nemavari! Eria akadaro, uye ndizvo zvakaitawo Johane. Maona? Maona? Uye achange akananga neShoko iroro. Achange—change achipesana nemasangano. Sangano? "Musafunga kutaura mukati menyu kuti, 'Tina Abrahama sababa vedu,' nekuti Ndinoti Mwari vanogona kubva pamabwe aya kumutsira Abrahama vana." Maona? Chokwadi vakadaro.

372 Zvino, hezvoka izvo, shamwari. Hechino Chisimbiso Chechina, chazarurwa. Uye vatasvi vemabhiza 4 vazarurwa, pakuziva kwangu kwose. Zvino, izvi ndizvo zvose zvakaitika panyika.

373 Chisimbiso chinotevera, tinoona, chiri Kudenga, uko kune mweya iri pasi peartari.

374 Zvino, mukuvhara, ndinoda kutaura zvishoma izvi. . . mazwi mashoma chete, ipo pano, andakanyora pasi. Tangochirika-chirika, paZvisimbiso 4 izvi, Zvisimbiso 4 zvekutanga.

375 Zvino, mangwana manheru, ti—tinochinja nzvimbo yechiitiko, kubva pazvinhu zvepanyika zviri kuitika. Anotarisa kumusoro kuno zvino oona mweya iri pasi peartari, artari, yechibairo.

Husiku hunotevera, kutonga kunouya.

376 Uye husiku hwechi 4, kana husiku hwekupedzisira, manheru eSvondo, handizive kuti chii. Handizive kuti zvimwe izvi zvinorevei. Ndakangozviverenga, sezvamakaitawo. Asi, "Pakava nerunyararo kwehafu yeawa," asi pane chimwe chinhu chakaitika. Ndiri kutarisira kuti VaChizarure. Vachazviita. Ndakagutsikana kuti Vachazviita.

377 Tatozoenda, kunzvimbo dzakasiyana-siyana dzeMagwaro, kuna Zvakazarurwa 19, kuratidza kuti Kuuya kwaKristu kuchauraya antikristu. Ndicho chikonzero ndatozosiya izvi, ndongotora ndima 2 idzodzo. Ndatozoenda kuzvikamu zvakasiyana-siyana zveMagwaro, kuratidza zvinhu izvi. Saka ndicho chikonzero ndaenda kuna Zvakazarurwa 19, kuratidza magumo antikristu, achava kuuraya; kwaKristu, paAchauya, Achauraya antikristu.

378 Kuna Zvakazarurwa 10, kuratidza kuti Mharidzo yemutumwa wechi 7 achange ari munhu, mumazuva ano ekupedzisira, akazodzwa naMwari kuitira shumiro yakangofanana neyaEria muporofita, sezvakafanotaurwa muna Maraki 4, kuzarura Shoko rechokwadi raMwari (repamavambo) muchizvarwa chino, Shoko raMwari repamavambo muchizvarwa chino. Sezvaakaita kuna Jezebheri wepanyama, ndizvo izvo murume uyu achaitawo kuna Jezebheri

wepamweya, machechi emasangano. Ndatozoenda kuchitsauko 7 . . . chitsauko 10, ndima 1 kusvika 7, kuratidza kuti zvanga zviri chokwadi. Uye uko kuna Maraki, naAmosi, nemamwe akadaro, kuratidza izvozvo.

379 Eria aiva muporofita akaporofita nekupa mhosva kuna Jezebheri, muchizvarwa ichocho chaicho.

380 Zvino Eria haana kumbobvira akafa. Zvemazvirokwazvo haana. Akaonekwa zvakare, anenge makore 800 akatevera, ari parutivi rwaJesu Kristu, paGomo Rekushandurwa. Haana kufa.

381 Zvino, tinoona kuti Mweya wake uri kufanira kuzodza munhu, maererano nevimbiso yaMwari, mumazuva okupedzisira; akavimbiswa kuita zvimwe chetezvo kuna Jezebheri wepamweya, sezvawakaita kuna Jezebheri wepanyama, muzera rekupedzisira.

382 Ndosaka nda—ndaenda mune zvakawanda zvemuBhaibheri, kuti ndizviratidze, kuitira kuti zvirege kusiya mubvunzo mupfungwa dzenyu. Kana uripo, ndizivise. Zvakanaka, ndinyorere tsamba kana katsamba kadiki.

383 Uye zvinonyatsopindirana zvakakwana, kunyange kumhuka dzichiparadza mitumbi yavo yepanyama muzuva rekupedzisira, dzichivadya sezvadzakaita kare.

384 Pakuzarurirwa kwangu kwose, kwakapihwa kwandiri naMwari uye kukafanotaura kuti zvichaitwa, ichi ndicho Chokwadi chevatasvi 4 vemabhiza, pane kuzivisisa kwangu kwese.

385 Munofungei nezvaJesu?

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

386 Zvino rangarirai, pasina . . . (Ndizvozvo; pfuurirai mberi; zvakanaka.) Pasina manzwiro akaipa kune chero vanhu vari mune chero sangano! Nokuti, Mwari vane vana muhurongwa hwechiKatorike. Vane vana muhurongwa hwechiMethodisti. Vane vana muhurongwa hwechiBaptisti. Vangani veihwo, hurongwa hwose ihwohwo hwakasiyana-siyana, vakamiririrwa pano manheru ano, vakabuda mahuri pamakaona Chiedza? Ngationei maoko enyu. Zvino, rangarirai, kune vanhu kunze ikoko vakangoita semi. Asi hurongwa ndihwo hunouraya, munoona. Ndiwo mweya waantikristu unozopedzisira wavasvitsa panzvimbo yekuti havazonzwe Chokwadi.

387 Uye munorangarira here humwe husiku, pandakapfuura nemune zvekusimbiswa? Kana munhu akanzwa kudana kwejubheri, uye oramba kusunungurwa, aiendeswa kumbiru zvino muwururo waiisa munembo panzeve yake. Nzeve ndipo paunonzwa napo. "Uye kutenda kunouya nekunzwa." Zvino

kana akaZvinzwa, uye oramba kugamuchira rusununguko rwake, zvadaro ari . . . anofanira kushandira tenzi wake wesangano kwehupenyu hwake hwose. Ameni.

388 Oo! Oo, ini zvangu! HaAshamisi here?

NdinoMuda, ndi . . .

Ngatingosimudzai maoko edu zvino tiMunamate.

Nekuti ndiYe akatanga kundida (Kubwinya!)
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

389 Zvino chingokotamisa musoro wako, uye ngatiMunamatei zvino tichirwuimba mahon'era.

390 Ishe, tinotenda zvikuru sei! Ndinofara zvikuru, Ishe, ndinofara zvikuru nekuda kweNyu uye nevanhu veNyu. O Ishe, Makatenga ruponeso rwedu paKarivhari. Tinorwugamuchira nemufaro, Ishe.

391 Zvino tiedzei, Ishe, neMweya weNyu. Uye kana paine chakaipa pakati pedu, Ishe, chero kusatenda kupi zvako kweShoko, chero vanhu vari pano, Baba, vasingatsinhire vimbiso yese yaMwari ne "ameni"; dai Mweya Mutsvene waburuka zvino, Mutasvi webhiza jena, apo Mweya waKe, Mweya waKristu, pamberi paantikristu, zvino odaidza vekwaKe pachaKe. Vadaidzei, Ishe.

392 Dai vatendeuka zvino, vauye nokukurumidza kwaMuri uye vazadzwe neMafuta newaini; uye vashandurwe kubva munguwo yesangano iyoyo yerufu rwaKaini, kuenda kunguwo yakachena sechando yeHupenyu Husingaperi, yakapihwa neChikomba. Uye vobva vaenda kuMabiko eMuchato nerimwe zuva, muShoko rakasimbiswa rerumuko. Zviitei, Ishe. Nzverai moyo, apo vanhu vakamirira paMuri. Kubudikidza neZita raJesu!

393 Zvino, chingonzvera moyo wako, hama yangu, hanzvadzi yangu, shamwari yangu. Ndagara nemi kwenguva refu. Aya angaita makore 33. Pane chandakambokutaurirai here muZita raJehovha kunze kwezvakaitika? [Ungano inoti, "Kwete."—Mupepeti] Tsvaga Kristu zvino uchine mukana wekuzviita. Zvinogona kuitika nekukurumidza pausingazokwanise kuzviita. Maona? Anogona kusiya chigaro, chero nguva, chekureverera kwaKe; ipapo unozogona kuchema nemwoyo wako wose, ungagona kutsika-tsika, ungagona kutaura nendimi, ungagona kumhanya uchikwira nokudzika pasi, ungakwanisa kuita chero chaunoda, uye wojoinha chechi yoga-yoga iri munyika, hapasisina chiripo, hapasisina zvachose jiki yechivi chako—chako. Zvino unoitei, uri papi zvino?

394 Zvakanaka, ndinotenda, nemoyo wangu wese, chigaro chichakazaruka. Ndinotenda kuti Achiri paChigaro cheushe chaMwari. Asi munguva pfupi iri kutevera Achasimuka

zvino, zvino ouya, kuzotora zvaAkadzikinura. Ari kuita basa reMudzikinuri weHama, apo Rute akamirira.

395 Asi nokukurumidza, munoziva, mushure mokunge Bhoazi apedza basa rehama, akabva auya ndokutora zviri zvake. Uye ndizvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti Akaita, "Akauya ndokutora Bhuku." Ipapo kureverera kwapera; Abva paChigaro cheushe; hapasisina Ropa zvachose paChigaro cheTsitsi. Uye zvino chave chii? Chigaro cheKutonga.

396 Usarega zvichitaurwa, mamwe emazuva ano kuti, "Ndaifunga kuti Kubvutwa kwaifanira kuuya." Uye wonzwa Inzwi richitaura, richipindura kuti, "Zvakatopfuura kare." Mwari vakubatsire!

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

397 Hama Neville, huyai, kuzoparadzanisa kana chero chamunofanira kuita. Mwari vakuropafadzei, kusvika mangwana manheru. [Hama Neville vanonamata—Mupepeti]

Chisimbiso Chechina SHO63-0321
(The Fourth Seal)
Mharidzo dzakatevedzana dzeChizaruro CheZvisimbiso Zvinomwe

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu China manheru, Kurume 21, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org